Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı**

Dene mádeniyatı fakulteti
Dene tárbiya kafedrası
«5112000 – Dene mádeniyatı» qánigeliginiń 4-b kurs talabası
Yusupov Kamaldıń

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

## Tema: «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw»

| | | |
|---|---|---|
| Talaba: | ______________ | K.Yusupov |
| Ilimiy basshı: | ______________ | p.i.k. prof. P.Shılmanov |
| Kafedra baslıǵı: | ______________ | (PhD) D.Nurıshov |

Kafedra májilisining 2021 jıl «___» ______________ sánesindegi № _____ bayannaması menen qorǵawga ruxsat berildi.

N Ó K I S - 2021

Mámleketlik attestaciya komissiyası qararı:

«5112000 – Dene mádeniyatı» qánigeliginiń 4 – b kurs talabası Yusupov Kamaldıń «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw» atamasındağı pitkeriw qánigelik jumısına «_______» bahası qoyılsın.

MAK baslığı: _____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

MAK aǵzaları _____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

_____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

_____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

_____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

_____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

_____________ ______________________

**(imzası)** **(F.I.Sh)**

Annotatsiya

Bul qánigelik pitkeriw jumısında xalıq háreketli oyınlardı paydalanıwda ilimiy jaqtan tiykarlaw usıllarınan keńnen toqtap ótken. Jumıstıń birinshi babında xalıq háreketli oyınlarınıń túrlerinen hám paydalanıw tártipleri haqqında toqtap ótken. Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin ilimiy jaqtan tiykarlap dáliyllep bergen. Háreketli oyın testleriniń isenimliligin sport metrologiyası talaplarına muwapıq ráwishte dáliyllep kórsetken.

Jumıstıń ekinshi babında sportshılardı tayarlawdağı fizikalıq, texnikalıq hám taktikalıq tayarlıqları dárejesiniń dinamikasın kompleksli túrde bahalawlardıń optimal variantların kórsetken.

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı «Dene mádeniyatı» qánigeliginiń 4-b kurs talabası Yusupov Kamaldıń «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw» atamasındaǵı jazǵan pitkeriw qánigelik jumısına**

# P İ K İ R

Talaba K.Yusupov óziniń pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda kóp izlengen, tastıyıqlanǵan, joba boyınsha jumıs alıp barǵan. Belgili ilimpazlardıń miynetlerinen keńnen paydalanǵan. Tańlap alǵan jumısınıń mazmunı jaqsı jazılǵan, olardıń nátiyjelerin hám mánislerin anıq kórsete alǵan.

K.Yusupov pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda xalıq háreketli oyınlarıń túrleri hám paydalanıw tártipleri hám onıń nátiyjeliklerin ilimiy jaqtan tiykarlap bergen. Sportshılardı tayarlawdaǵı ótkerilgen testlerdiń analizleriniń isenimliligin bahalawda sport metrologiyasınıń talaplarına muwapıń dárejede matematika statistikalıq jolları menen dáliyllep bergen. Dene tárbiyası fakulteti talabaları ushın lektsiyalıq material retinde, trenerler ushın metodikalıq qollanba retinde paydalanıwǵa boladı.

Juwmaqlastırıp aytatuǵın bolsaq pitkeriwshi talaba K.Yusupovtıń pitkeriw qánigelik jumısı, joqarı dárejede orınlanǵan, attestatsiya komissiyasınıń talaplarına tolıq juwap beredi hám jaqsı bahalawǵa ılayıq dep esaplayman.

**Ilimiy basshı: p.i.k. prof. P.Shılmanov**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı «Dene mádeniyatı» qánigeliginiń 4-b kurs talabası Yusupov Kamaldıń «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw» atamasındaǵı jazǵan pitkeriw qánigelik jumısına**

# PIKIR

Pitkeriwshi talaba K.Yusupovtıń «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwda ilimiy jaqtan tiykarlaw usılları» atamasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısı eń aktual temalardıń biri bolıp tabıladı.

Pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda talaba ilim izertlew jumıslarınıń tiykarǵı basqıshları bolǵan, ilim izertlew jumıslarınıń rejesin dúziw, materiallardı jıynaw hám toplaw, jıynalǵan materiallardı analiz qılıw hám ulıwmalastırıw haqqındaǵı ilimiy túsiniklerdi keń mánide ashıp kórsetken. Bul jumıstı orınlawda pitkeriwshi óziniń oqıw dáwirinde toplaǵan teoriyalıq bilimlerin sonday-aq sońǵı ádebiyatlardan alıngan maǵlıwmatlardan paydalanǵan hám olardı ulıwmalastırıp jumıstıń nátiyjeliligin kórsete alǵan. Sport ámeliyatında qollanılatuǵın ilmiy kóz qarasların ámeliyyatta qollanılıwın usınıs etken.

Ulıwma alǵanda, K.Yusupovtıń qánigelik pitkeriw jumısı házirgi zaman talabına tolıq juwap beredi, jaqsı, sawatlı jazılǵan hám bul jumıstı tolıq qorǵawǵa jiberiwge boladı.

**Pikir bildiriwshi: (PhD) D.Nurıshov**

**Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı «Dene mádeniyatı» qánigeliginiń 4-b kurs talabası Yusupov Kamaldıń «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw» atamasındaǵı jazǵan pitkeriw qánigelik jumısına**

# SÍN

Talaba K.Yusupov óziniń pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda kóp izlengen, tastıyıqlanǵan, joba boyınsha jumıs alıp barǵan. Belgili ilimpazlardıń miynetlerinen keńnen paydalanǵan. Tańlap alǵan jumısınıń mazmunı jaqsı jazılǵan, olardıń nátiyjelerin hám mánislerin anıq kórsete alǵan.

Kóplep xalıq háreketli oyınları kóbinshe xalıq ómirinde milliy massalıq qásiyetleri sebepli xarakterge iye boladı, olardıń bazıları bolsa milliy sport túrleri sıpatında tán alınǵan, yaki milliy oyın bolıp qalıwı múmkinshiligine iye. Xalıq háreketli oyınları, olardıń ámeliy iskerlikte qolaylıǵı jaǵınan túrlerge ajıratılıwı. Halıq háreketli oyınlarınıń shuǵıllanıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıw menen birgelikte olardan paydalanıw, olardı túrlerge ajıratpay turıp xalıq háreketli oyınları pedagogikalıq mazmunı hám áhmiyetin aytıp ótken.

K.Yusupov pitkeriw qánigelik jumısın jazıwda óziniń oqıw dáwirinde toplaǵan teoriyalıq bilimlerin sonday-aq sońǵı ádebiyatlardan alınǵan maǵlıwmatlardan paydalanǵan hám olardı ulıwmalastırıp jumıstıń nátiyjeliligin kórsete alǵan. Sport ámeliyatında qollanılatuǵın ilmiy kóz qarasların ámeliyatta qollanılıwın usınıs etken. Talaba K.Yusupovtıń pitkeriw qánigelik jumısı, joqarı dárejede orınlanǵan, attestatsiya komissiyasınıń talaplarına tolıq juwap beredi hám jaqsı bahalawǵa ılayıq dep esaplayman.

**Sın beriwshi** **QMU, p.i.k. doc. N.Kaypov**

**Tema: «Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw»**

**Jobası:**

KİRİSİW

I. BAP. Xalıq háreketli oyınlarınıń túrleri hám paydalanıw tártipleri.

1.1. Xalıq háreketleri oyınlarınıń turleri

1.2. Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıw nátiyjeliligin tiykarlap beriw

1.3. Xáreketli oyın testleriniń analizlerinin isenimligin bahalaw

II. BAP. Halıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw.

2.1. Pedagogikalıq izertlew protsessinde jas voleyblshılardıń fizikalıq, texnikalıq hám taktikalıq tayarlıqları dárejesiniń dinamikası.

2.2. Pedagogikalıq izertlew protsessinde jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıqlarınıń dárejesin kompleks bahalaw.

2.3. İzertlew protsessinde jas voleybolshılardıń texnikalıq hám taktikalıq tayarlıqları dárejesinniń ózgeriwin bawalaw.

2.4. Pedagogikalıq izertlewler dawamında jas voleybolshılardı fizikalıq hám texnika-taktikalıq tayarlıqlarınıń óz-ara baylanıslıǵı.

JUWMAQ

ÁDEBİYaTLAR

# KİRİSİW

Qaraqalpaq xalqınıń bir neshe ásirlerden beri toplaǵan ruwxıy baylıqların, úrp-ádetlerin, milliy xalıq dástúrlerin hám milliy oyınların qayta tiklew, ulıwma insanıylıq qádiriyatlardı jetilistirip, mazmunlı etip bayıtıp barıw búgingi kúnniń úlken áhmiyetli wazıypası bolıp tabıladı. Milliy xalıq oyınlarınıń saltanat penen oynalıwı xalqımızdıń miynetke bolǵan uqıplılıǵın arttırıwda úlken xızmet atqarǵan. İlimpazlarımız milliy xalıq oyınlarımızdıń umtılǵan jerlerin tolıqtırıp, jańartıp, qayta tiklep, zamanagóylestirip, búgingi kúnniń turmıs talabına juwap beretuǵınday etip jaslardı tárbiyalawǵa paydalanıw wazıypasın sheshiwi úlken áhmiyetke iye.

Qaraqalpaq milliy xalıq oyınları óziniń uzaq tariyxına iye. Eger de qolda bar maǵlıwmatlarǵa súyenetuǵın bolsaq, qasharman toptıń payda bolǵanına mıń jılǵa shamalas waqıt bolǵan. O'tken dáwir ishinde bul oyın xalqımızdıń arasında keń tarqalǵan, súyip oynalatuǵın oyınlardıń biri bolǵan. Degen menen qasharman toptıń tariyxı, onıń qaǵıydaları tuwralı jazba maǵlıwmatlar biziń búgingi kúnimizge shekem jetip kelmegen. Tek ǵana awızsha túrde oynaw qaǵıydaları áwladtan-áwladqa ótip kelgen.

Qasharman top oyınına ayırım háreketleri menen, mazmunı menen jaqın uqsaytuǵın oyınlar Angliyada «kriket», AQSh da «beysbol», Finlyandiyada «pesa pallo», Rumınıyada «oyna» dep ataladı hám jaslar arasında úlken qızıǵıwshılıq penen oynaladı. Búgingi kúni, AQShta, rawajlanǵan birqatar mámleketlerde keńnen tarqalǵan beysbol oyınınıń tiykarı usı qaraqalpaq milliy oyını qasharman toptan kelip shıqqan, degen juwmaqqa keliwge tolıq tiykar bar. Bul boyınsha belgisiz avtor tárepinen «Xududu olam» atlı miynet, sonday-aq İtaliya sayaxatshısı Marko Polo, Vamberi, parsı tariyxshısı Fazallax İbn Abdul-Xayr Xamadani hám basqalar bul tuwralı maǵlıwmatlar jazıp ketken. Sonıń ishinde XIV-XV ásirlerde Aziya kartasın jasaǵan sayaxatı dawamında Góne Úrgenish, Xojeli qalalarında bolǵan Marko Polo óziniń «Kniga o raznoobraziy mira» kitabında sıyır júnlerinen kishkene top islep, házirgi qasharman top

oyınların sol dáwirlerde oynaǵanın jazadı. Albette, búgingi kúni dúnyanıń 120 mámleketine tarqalǵan, negizi biziń xalqımızdan shıqqan beysbol oyını qanday abırayǵa iye bolsa, qaraqalpaq milliy qasharman top oyının da sonday dárejege jetkeriwimiz tiyis.

Qaraqalpaq xalqı áyemgi zamanlardan beri óziniń milliy oyınlarına bay xalıq. Bayram saltanatlarında, sonıń ishinde Nawrız, zúráát bayramlarında, toy-merekelerinde milliy oyınlar oynalıp, úlken quwanısh baǵıshlaǵan. Milliy xalıq oyınlarınıń erkin rawajlanıwına, shın mánisinde ótkeriliwine bir waqıtları qarama-qarsılıqlar, tosqınlıqlar da boldı. Biraq, ózlerimizdi qayta tanıwımızdıń nátiyjesinde ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen milliy oyınlarımız áwladtan-áwladqa óz mazmunın joǵaltpastan jetip keldi. Milliy oyınlar, sonıń ishinde qasharman top oyını jas áwladlarımızdı durıs, erkin háreket etip qáliplestiriw menen bir qatarda olardıń sana-sezimin, oynaw uqıplıǵın arttırıwda, densawlıqların bekkemlewde ayrıqsha áhmiyetke iye. Bular xalqımızdı shaqqanlıqqa, tapqırlıqqa, háreketsheńlikke, shıdamlılıqqa hám kúshlilikke tayarlaydı. Sonday-aq, milliy oyınlar xalqımızdıń miynetke bolǵan uqıplıǵın arttırıwda úlken xızmet atqaradı.

Eń baslı wazıypa - mákan puqaralar jıyınlarında, orta mektepler, arnawlı hám joqarı oqıw orınlarınıń student jasları arasında qasharman top milliy xalıq oyını boyınsha toparlar dúziw hám olardıń arasında turaqlı jarıslar ótkeriw bolıp tabıladı. Respublikamızdıń barlıq qala hám rayonlarında federatsiyanıń bólimlerin ashıp hám olardıń jumısların jaqsı jolǵa qoyıwımız kerek. Qaraqalpaqstanda qasharman top oyını boyınsha joqarǵı hám tómengi ligasın dúziwdi rejelestiriw kerek. Solay etip, bul qaraqalpaq milliy oyının tek ǵana respublikamızda emes, al barlıq wálayatlarda, hátteki qońsılas mámleketlerde ushırasıwlar ótkeriwdi keńnen rawajlandırıw federatsiyanıń aldında turǵan wazıypaları bolıp tabıladı.

Milliy xalıq oyınların, sonıń ishinde qasharman toptıń umıtılǵan jerlerin jańartıp, qayta tiklep, búgingi kúnniń talabına juwap beretuǵınday etip tolıqtırıp, oqıw orınlarınıń baǵdarlamalarına kirgiziw, xalqımızdıń milliy bayramlarında,

toy-merekelerinde, seyillerinde atqarılatuǵın xalıq oyınların qayta engiziw zárúr. Búgingi kúni milliy oyınlardıń milliyligin, oynalıw qaǵıydaların, tárbiyalıq áhmiyetin bunnan bılay da tereńirek rawajlandırıw máseleleri sheshilip atır. Əsirler dawamında qaraqalpaq xalqı tárepinen toplanǵan milliy oyınlarımızdı qayta tiklew, ulıwma insanıylıq qadiriyatlardı jetilistiriw úlken áhmiyetli wazıypa bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq milliy xalıq oyını – qasharman toptı rawajlandırıw boyınsha dáslepki qádemler atlanıp atır. Onı rawajlandırıw, xalqımız arasında úgit-násiyatlaw bul hár birimizdiń wazıypamız bolıwı kerek.

Milliy xalıq oyınların qayta tiklew hám tereńnen úyreniw, rawajlandırıw, ámeliy jaqtan iske asırıw, oynaw qaǵıydaların, tárbiyalıq áhmiyetin qaytadan jańartıp jaslar arasında paydalanıw wazıypaları unamlı sheshilip atır.

# I-bap. Xalıq háreketli oyınlarınıń túrleri hám paydalanıw tártipleri

## 1.1. Xalıq háreketleri oyınlarınıń turleri

Xalıq háreketli oyınları, olardıń ámeliy iskerlikte qolaylıǵı jaǵınan túrlerge ajıratılıwı. Kóplep xalıq háreketli oyınları kóbinshe xalıq ómirinde milliy massalıq qásiyetleri sebepli xarakterge iye boladı. Olardıń bazıları bolsa milliy sport túrleri sıpatında tán alınǵan, yaki milliy oyın bolıp qalıwı múmkinshiligine iye. Bunnan tısqarı ayırım oyınlar tiykarlı ráwishte óz gezeginde sport oyınlarına tayarlıq sıpatında qabıl qılınıwı hám balalardıń túrli sport sektsiyalarına tańlawda baǵdar bolıp qızmet qılıwı múmkin. !lbette, xalıq háreketli oyınlarınıń shuǵıllanıwshılardıń jas ózgesheliklerin esapqa alıw menen birgelikte olardan paydalanıw, olardı túrlerge ajıratpay turıp xalıq háreketli oyınları pedagogikalıq mazmunı hám áhmiyetin anıqlaw múmkin emes.

İzertlewler materialların islep shıǵıw, analiz qılıw hám táriplew. Baqlaw toparınıń balaları bir yarım jıllıq izertlew jumısları dawamında voleybol boyınsha JO’SM (balalar, óspirimler sport mektebi) trenerlerdiń jumısların alıp barıwshı ulıwma qabıl qılınǵan dástúr boyınsha shuǵıllanadı, oyın testleri járdeminde tańlap alınǵan balalarda, olarda anıqlanǵan háreketli oyınlar testi nátiyjesinde oyın talantları qanday bolıwı kerek ekenligin anıqlaw muxım edi.

İzertleniwshi toparında shuǵıllanıwshılardıń ózine tán pedagogikalıq izertlew dawamında hár bir shınıǵıwlar tayarlıqları arnawlı tańlap alınǵan háreketli oyınlar menen sonıń menen bir qatarda, voleyboldaǵı tikarǵı háreketler menen uqsaslıqqa iye xalıq háreketli oyınları hám olardıń modifikatsiyalanǵan variyantları menen toltırılǵanlıǵı menen esaplanadı.

İzertleniwshi topar shuǵıllanıwlarında oqıw dástúrine baylanıslı óz aldına tsikllı shınıǵıwlar sanı hám saatlar kólemin saqlap qalǵan jaǵdayda qollanılatuǵın xalıq háreketli oyınlarınıń ulıwma kólemi 86,6% ósti.

**Tiykarģı háreketler, háreketleniwler (1), dúzilisine, háreketleniw qábiliyetlerin tárbiyalawǵa tásir etiwshi belgileri (2), túri, quramı, kórinisi (3) boyınsha xalıq háreketli oyınların túrlerge ajıratıw**

| T/R | Ataması | Belgileri boyınsha túrlerge ajıratıw | | |
|---|---|---|---|---|
| | | 1 | 2 | 3 |
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| 1 | Aq terek-pe, kók terek | Oyınshılar qolla-rın uslap turıwları, júgiriw, uslap turǵan qolların júziwge qaratıl-ǵan kúshli háreketler | Júgiriw kónlikpesin, tez háreket qılı, hare-ketler koordinatsiya-sın rawajlandıradı. Tezlikli-kúsh: jaǵdayı. | Ápiwayı komandalıq dáslepki jaǵdayın iyelew. Jup bolıp qosıq aytıwdı kirgiziw, qarsılaslardıń shınjırın úziw hám oyınshını alıp keliw maqsetinde júgiriw |
| 2 | Qasharman top (lapta) | Júgiriw, ılaqtırǵan toptı tayaq penen qaǵıw.Toptı atıw hám qaqshıp alıw | Dene muskullarınıń, háreketler koordina-tsiyasınıń, shaqqanlıq, anıqlıqtı rawajlandırıw, kompleksli jaǵdaylar | Quramalı individ. Komandalıq: ılaqtırǵan toptı qaǵıw, onı qalasha-ǵa túsiriw, ilip alıw, jugirip ótiw. "belgilen-gen" sızıqqa jetip barıw. |
| 3 | Ketti-ketti | Júgiriw, predmetlerdi bir-birine uzatıw, tutıw | Qol muskulların, há-reket koordinatsiya-sın tezlikti, shaqqan-lıqtı, tezlikti rawaj-landırıw. Qızıqlı emotsional jaǵdaylar | Elementar topарı: oramaldı bir-birine uzatıw, onıń kimde ekenligin anıqlaw, onı tawıp alıw. |
| 4 | Qulaq sozba | Predmetlerdi joqarıǵa atıw. Onı ilip alıw, uzatıw, tartıp alıw | Qol muskulların háreket koordinatsi-yasın rawajlandırıw oyın jaǵdayları | Elementar. Jeke, toparlı: baslawshı menen; joqarıǵa atılǵan oramaldı ilip alıw, onı bir-birine |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | uzatıw. Qarsılastı qulaǵınan tutıp alıw. |
| 5 | Ortada top | Toptı atıw onı tutıp alıw | Qol, ayaqlar háre-ketler koordinatsiya-sın anıqlaw rawajlandırıw. Kúsh penen: jaǵdaylar | Elementar. Jeke toparı: qarsılas komandanı top penen urıp maydannan shıǵarıw; toptı ilib alıp. Onı xuqıqın qolǵa kiritiw |
| 6 | Tayaq penen joqarı ǵa sekiriw | Tayaq penen iteriw háreketleri júgirip tosıqlardan sekirip ótiw | Dene muskulleri, háreketler koordina-tsiyasın tosıqlardan sekirip ótiw qábi-letin rawajlandıradı: kompleks, jaǵdaylı | Elementar, jeke-toparlı; tayaq penen jerge tirelip turıp, júgirip sekirip tosıqtan asırılıp ótiw. |
| 7 | Shúllik | Predmetni atıw, onı urıw, ılaqtırılǵan shúllakti ilib alıw | Qol, ayaqlar muskul-ların, deneni, háre-ketler koordinatsi-yasın rawajlandıradı; kompleks qızıqarlı jaǵdaylar | Elementar. Jeke-toparlı: “sızıqtı” urıp onı maydanǵa jóneltirip ochkolar toplaw: jeńiliske ushraǵanlar hukimin orınlaydı, jeńimpazdı kóterip júredi |
| 8 | Tawıq hám qoraz | O’zgeriwshi júgiriw, júriw | Tezlikli. Háre-ketleniw qábiliyetin rawajlandıradı, tezliktegi, ótiw jaǵdayları | Elementar. Jeke toparlı: bildiriw boyınsha ózgermeli júgiriw penen barıp oyınshı átirapında aylanıp óz jayına qaytıw |

## 1.2. Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıw nátiyjeliligin tiykarlap beriw

Baslanǵısh úyretiw dáwirinde sport tayarlıǵı mazmunı ádette fizikalıq sıpatların rawajlandırıwǵa (sistemalı, koordinatsiyalıq qábiliyet, epshilligi hápm basqalar) sonıń menen bir qatarda, sport oyınlarınıń (basketbol, voleybol, futbol, qol tobı) texnikası tiykarlarınıń iyelewge qaratılǵan arnawlı fizikalıq sıpatları hám qábiliyetlerin tárbiyalawǵa járdem beriwshi qurallardan paydalanıwdan ibarat bolıwı kerek. Mine usı máselelerdi sheshiw ushın bir qatar ilimpazlar: professor P.Shılmanov, T.S.Usmanxodjaev fizikalıq shınıǵıwlar menen bir qatarda háreketli oyınlarınan, sport oyınları túrlerinde tayarlıq túrinde paydalanıwdı usınıs etken. Xalıq háreketli oyınların shınıǵıwlar formasında qollanıw haqqındaǵı máseleni úyrenip sport trenirovkasında qanday da bir shınıǵıwdıń orınlanıwı birinshi náwbette onıń jetiskenlikleriniń ósiwine tásiri menen belgilew qaǵıydasınan kelip shıǵıwı kerek.

Teoriyalıq kóz-qarastıń eń jaqsı nátiyjelerge tek ǵana baslanǵısh úyretiw dáwirinde anıq wazıypaların hám shuǵıllanıwshılardıń jeke kóz qarastan qaraǵanda eń jaqsı nátiyjelerge tek bir túrdegi qásiyetlerin esapqa alıp, xalıq háreketli oyınlarınıń, oqıtıw, tárbiyalaw hám shınıǵıwlar quralları menen sáykes bolıwında erisiw múmkin. Biraq, bul aytıp ótilgen qaǵıydalar ilimiy izertlewler nátiyjeleri menen tastıyıqlanıwı kerek.

Házirgi kúnge shekem xalıq háreketli oyınları hám xalıq háreketli oyınlarınan jas sportshılardı tańlap alıw hám tayarlawda paydalanıwdıń nátiyjeligin úyreniw menen baylanıslı arnawlı izertlewler mámleketimizde ótkerilmegen. Əmeliy tájiriybelerdi úyrenip shıǵıw baslanǵısh úyretiw dáwirinde jas sportshılardı tayarlaw tiykarınan belgilengen.

Fizikalıq shınıǵıwlar hám basqa sportta múmkin bolǵan shınıǵıwlardan paydalanıwı menen birge alıp barılıwın kórsetedi. Xalıq háreketli oyınlarınan 1 minuttan 5 minutqa shekemgi aralıqta dawam etiwshi topsız oyınlardan paydalanıladı. Bul jaǵday voleybol boyınsha mektepler oqıw dástúrine

kirgizilgen. Xalıq háreketli oyınlarınıń mazmunın analiz qılıw nátiyjeleri menen tastıyıqlanadı.

Dásturde bar bolǵan 21 háreketli oyınlardan 16 ayın tiykarınan ulıwma fizikalıq sıpatlardı jetilistiriwge qaratılǵan. Solardıń ishinde tek ǵana úshewi top penen oynalınadı, bular «Ortadaǵı top uzatıw», xalıq háreketli oyını – oyınnıń dawamlılıǵı 15 minut, «Toptı ilip alıw» 15 minut, «Kim tezirek» ǵq minut. Basqa háreketli oyınlarda toptan paydalanıw kózde tutılmaǵan. Usı oyınlardıń dawamlılıǵı tiykarınan 1 minuttan 5 minutqa shekem, bul biziń pikirimzshe, fizikalıq tayarlıq máselelerin sheshiw ushın jeterli emes. Múmkin shuǵıllanıwlardıń emotsional jaǵdayların jaqsılaw ushın jeterli bolıwı múmkin. Biraq háreketli oyınlardıń roli tek ǵana emotsionallıq faktorı sıpatında ǵana paydalanıw menen shekillenbesligin aytıp ótiw kerek.

Xalıq háreketli oyınları úyretiw hám shınıǵıwlar quralları sistemasında tek ǵana waqıttı kúsheytiwshi jumıs orınlaw qábiliyetin tiklewshi, shuǵıllanıwshılardıń emotsional jaǵdayın jaqsılawshı, járdemshi qosımsha shınıǵıwlar esaplanadı. Olar belgili sharayatlarda shınıǵıwlar orınlaw protsessiniń nátiyjeligin asırıwshı kerekli qural sıpatında qatınasıwları múmkin, bunı jas sportshılardı tayarlawda esapqa alıw kerek. Sonıń menen bir qatarda xalıq háreketli oyınları rolin asırıp jiberiwde múmkin emes. Sonıń ushın fizikalıq sıpatlardı jaqsılawǵa hám sport oyınları kónlikpelerin bekkemlewge qaratılǵan. Xalıq háreketli oyınların ilimiy tiykardı tańlap alıw zárúr.

Joqarıda aytıp ótilgenler mazmunında fizikalıq sıpatlardı rawajlandırıwǵa, háreketleniw háreketleri túrlerin keńeyttiriwge hámde sportshı ushın muxim bolǵan taktikalıq háreketlerge qábiliyetti payda etiw hám rawajlandırıwdı támiynlewshi psixofizik protsesslerin hám funktsiyaların rawajlandırıw, hám sistemalastırıwǵa járdem beretuǵın xalıq háreketli oyınların ilimiy tiykarda tańlap alǵan zárúr.

Joqarıda aytıp ótilgenler mazmunında fizikalıq sıpatların rawajlandırıwda, háreketleniw háreketleri túrlerin keńeyttiriwge hámde sportshı ushın muxim bolǵan taktik háreketlerge qábiliyetlerin payda etiw hám rawajlandırıwdı

tymiynlewshi psixofizikalıq protsessleri hám funktsiyaların rawajlandırıw hám sistemalastırıwǵa járdem beretuǵın xalıq háreketli oyınların tańlap alıw áhmiyetli dep esaplaymız. Mine usı maqsette biz 1000 nan artıq xalıq háreketli oyınlarınıń mazmunın úyrenip shıqtıq. Ədebiyatlarda berilgen maǵlıwmatlardı analiz qılıp shıǵıw Oraylıq Aziya mámleketleri xalıq háreketli oyınların túrlerge ajıratıwdıń teoriyalıq tiákarları házirgi kúnge shekem jeterli dárejede islep shıǵılmaǵanlıǵın kórsetedi. Birinshiden bunday urınıw X.F.Anarkulov tárepinen qırǵız xalıq háreketli oyınları mısalında ámelge asırıldı.

O'z aldına xalıqlarmilliy oyınların úyreniwshi avtorlar birinshi náwbette intuitsiya, yaki shama menen alınǵan mólshóllerge tiykarlanǵan. Xalıq háreketli oyınları ádette óz aldına toparlarǵa aytarlıqtay ajıratılmaydı, múmkin ol, ya bolmasa bul xalıq miliiy oyınları ulıwma sistemaǵa kiritiledi.

Qırǵız xalıq háreketli oyınlarınıń pedagogikalıq mazmunı, hámiyeti jaǵınan bolǵan kóz-qarasta olardı túrlerge ajıratıw múshkilli ekenligine ulıwmalıq kóz-qarasta bolǵanlıǵın anıqladı. Biraq sport túrlerine , sonıń menen bir qatarda sport oyınlarına salıstırmalı túrde xalıq háreketli oyınların hesh qanday túrlerge ajıratılıwı hesh kim tamanınan házirgi kúnge shekem ámelge asırılmaǵan.

Qaraqalpaq, O'zbek xalıq háreketli oyınları genezisi, etnomadeniyatta, etnopedagogikada olardıń ornı, máselelerin kórip shıǵıw másnlesin qoymay biz 1000 ǵa jaqın  xalıq háreketli oyınları mazmunların analiz qılıw nátiyjeleri boyınsha jas sportshılardı tayarlawda paydalanıw ushın hám xalıq háreketli oyınların hámde voleyboldaǵı tiykarǵı háreketlerge uqsas háreketler menen jaǵdaylı (standart emes) háreketli oyınlardı tańlap aldıq.

Biz tájiriybeler menen tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınların háreketleniw sıpatları, morfofunktsional hámpedagogikalıq belgileri, texnika-taktikalıq baǵdarı boyınsha túrlerge ajıratıwǵa háreket qıldıq. Tolıq mazmunlı, inventarlar, oyınlardı ótkeriw sharayatları tablitsalarda berilgen. Bir qatar tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınlardı biz voleybol oyınına sáykeslestirip modifikatsiyaladıq. Xalıq háreketli oyınlarda inventar sıpatında paydalanılǵan gezlemeden islengen sharshalar, qolqaplar, qoy hám mal terisinen tayarlanǵan top ornına voleybol

hám toltırılǵan toplardan paydalanıladı. Oyınlardı toparlarǵa ajıratıw 3. tablitsasında kórinip turǵanınday belgili dárejede shártki, sebebi hár bir oyın tiykarınan kompleks shınıǵıwlar sıpatında qatınasadı.

**Jas voleybolshılardı tayarlawda paydalanılǵan xalıq háreketli oyınların túrlerge ajıratıw**

| I. Sapa ahmiyetine iye háreketler | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| Oyınlar | Tezlik (háreketle-niw tezligi) | Tezlik-kúshlilik | Háreket koordina-tsiyası | Shaqqanlıq | Keńislikte hám waqıtta mólsherlew |
| Oyınlar sanı (úlgige qarań) | Hámme 24 oyın | 2,5,6,8,9,10, 20,21,24 | Xámme 24 oyın | 6,8,15,21,24 | Hámme 24 oyın |
| **II. Dene sıpatları** | | | | | |
| Oyınlar | Ayaqlar | Joqarı jelke keńligi | Jelkeler, jelke aldı, qol alaqanları | | |
| Oyınlar sanı | 2,3,6,9,10,13,20 | 4,5,6,7,8,11,13,14,15, 16,18,19,22,24 | 4,5,6,7,8,9,11,13,14, 15,16,17,18,19,21,22,24 | | |

| III. Pedagogika belgileri ( voleybolǵa qatınaslı) | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Oyınlar | Voleybol-shınıń texnika hám taktikalıq tayarlıǵı | Top kiritiw | Soqqı | Uzatish aniqligi | Koman dalıq baylanıs lıq | Toptı seziw |
| Oyın sanı | 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 12, 13, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 24 | 3, 5, 6, 9, 11, 14, 16, 24 | 6, 8, 9, 11, 14, 15, 24 | 1, 3, 6, 10, 11, 12, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 24 | 2, 3, 8, 9, 11, 13, 20, 24 | 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 10, 12, 13, 15, 16, 17, 18, 19, 21, 22, 24, |

Sonıń menen bir qatarda oyınlardıń bunday baǵdarlanǵanlıǵı hár-bir oyınnıń qásiyetlerin, tiykarǵı baǵdarına bir qansha anıqlıq kirgiziledi.

Bizge belgili, háreketleniw iskerligi joqarı bolmaǵan oyınlar balalarda qızıǵıwshılıqtı oyatpaydı, sport elementleri bolǵan oyınlarǵa olar kóbirek qızıǵadı, bunı xalıq háreketli oyınlar mazmunında jas sportshılardı tekseriw ushın olardıń tayarlıqları hám jası anatomo-fiziologiyalıq hám psixologiyalıq qásiyetlerge sáykesligi kórinip turıptı.

Oqıw tayarlıq shınıǵıwları protseslerinde tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınları wazıypalarına qarap bazı bir belgilengen fizikalıq shınıǵıwlar ornına trenirovkanıń tayarlıq, tiykarǵı hám juwmaqlawshı bólimlerine kirgizildi.

Trenirovkalar sanı hám dawamlıǵı oqıw dástúri talaplarına baylanıslı háptesine 8 saattan (4 trenirovka) ibarat boldı.

Qollanılǵan xalıq háreketli oyınlar sanı, sonıń menen bir qatarda 86,6% astı. İzertleniwshi topar jas voleybolshılardıń alıp barılńan tikarǵı baǵdarı – «Oqıtıw» hám oqıw dástúrine baylanıslı jas voleybolshılardı texnika-taktikalıq háreketler keń túrlerine tabıslı úyretiw hám kóp jıllıq tayarlıq protsessiniń keyingi basqıshlarında arnawlı fizikalıq tayarlıǵınıń joqarı dárejesine erisiw ushın shárt-sharayatlar jaratıwdan ibarat boldı.

## 1.3. Háreketli oyın testleriniń analizleriniń isenimligin bahalaw

Áwelgi aytıp ótkenimizdey, úyrenip shıǵılǵan ádebiyatlardan háreketli oyın testleri isenimliligin kórsetiwshi birden-bir maǵlıwmatlardı taba almadıq. Háreketli oyınlar testleriniń isenimliligin anıqlawda biz tańlap alǵan háreketli oyınlar testler toplamı balalardıń oyın iskerligine múmkin bolǵan qábiliyetlerin kórsetiwde qanshalıq anıqlawǵa járdem beretuǵın zańlılıqlardı tańlap alıwımız kerek boladı.

Bunday jaǵdaylarda, bizge belgili, zań sıpatında, máselen test sınaqları járdeminde ólshewdi ámelge asırmaqshı bolǵan qásiyetlerin anıq kórsetip beriwshi sport nátiyjesi alınadı. Sonıń menen birge sport oyınlarında óz-ózinen alınǵan bir kórsetkish zań bolǵan xızmet qıla alıwı da belgili. Háreketli oyınlar testleri toplamı shamalap isenimlikligin bahalaw ushın bir neshe quramdaǵı qaǵıydalar islep shıǵıldı:

- T – shkalası fizikalıq tayarlıǵı boyınsha ámeliyattaǵı test penen voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıqlarınıń dárejesin kompleks bahalaw;
- Texnikalıq tayarlıǵı boyınsha úsh testler nátiyjesi jıyındısınıń ortasha arifmetikalıq úlkeynligi;
- Taktikalıq tayarlıǵı boyınsha úsh testler nátiyjeleri jıyındısınıń ortasha arifmetikalıq úlkenligi;
- Baslanǵısh tayarlıq toparlarına qabıl qılınıp atırǵan 9-10 jastaǵı balalardıń qábiliyetlerin bawalaw ushın tájiriybeli trenerler (ekspertler) tárepinen anıqlanǵan bes háreketli oyın arqalı shuǵıllanıwshılarǵa qoyǵan ekspert bahaları.
- Korrelyatsiya koeffitsienti úlkenligi boyınsha bahalanǵan ekspertler pikirleriniń sáykeslik dárejesin tekseriw onıń úlkenligi V=0,86, statistikalıq isenimligi – R<0,005 ($\overline{X}$ alınǵan kórsetkishi hám qaǵıyda kvadratı salıstırıw jolı menen bahalanadı) tablitsa kórsetkishine salıstırmalı túrde kórsetiledi.

Bul aytıp ótilgen talaplardan kelip shıǵıp biz qániygeler usınıs etken háreketli oyın testlerinen baslanǵısh tayarlıq toparına qabıl qılınıp atırǵan 9-10

jas balalar oyın qábiliyetlerin bahalaw ushın qollanıwda bolatuǵınlıǵın ilimiy jaqtan tiykarlawǵa urınıp kórdik.

Tómendegi kestede háreketli oyın qábiliyetlerin hár bir háreketli oyın testi boyınsha nátiyjeleri keltiriledi. Eń ortasha kórsetkishler «urıp túsiriw», oyınları kórsetkishlerinde gúzetiledi (4,90 – er balalarda hám 5,11 – qız balalarda), bunı biziń pikirimizshe, usı oyın qaǵıydalarında test sınaqları nátiyjelerine salıstırǵanda anaqurlım quramalı esapqa alınıwı menen túsindiriledi. Qız balalarda eń kishkene ortasha úlkenlikler «úshlik jup oyınshını tutıw» hám «jup jaǵdayda úshinshi oyınshını tutıw» háreketli oyınlar testi kórsetkenlerinde baqlanadı.

**9-10 jaslı balalarda harakatli oyın qábiliyetlerin test sınawları nátiyjeleri**

| “Xáreketli oyın testleri” | Qatna-sıwshı-lar sanı | Tutıl-ǵanlar sanı | $\bar{X}$ | δ | m | V % |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Quıwshı hám qashıwshı (tutılǵanlar sanı) | 118<br>93 | 1-7 | 4,25<br>4,15 | 1,137<br>1,117 | 0,104<br>0,116 | 26,75<br>26,91 |
| :shlik jup oyınshını tutıw (tutılǵan juplıqlar sanı) | 90<br>84 | 1-7 | 4,33<br>4,26 | 1,18<br>1,132 | 0,117<br>0,119 | 25,81<br>26,57 |
| Tutılǵan (neshe márte) | 90<br>84 | 2-6 | 4,29<br>4,06 | 1,160<br>1,090 | 0,122<br>0,149 | 27,64<br>26,84 |
| Jup halda oyınshını tutıw (tutıp alınǵan oyınshılardıń sanı) | 90<br>90 | 1-7 | 4,23<br>3,92 | 1,058<br>1,112 | 0,111<br>0,117 | 25,01<br>27,98 |
| Tutılǵan (neshe márte) | 90<br>90 | 2-6 | 4,39<br>4,12 | 1,124<br>1,153 | 0,118<br>0,121 | 25,60<br>27,98 |
| Nsh tórt múyeshlik (ilip alǵan yaki qolı tiygen toplar sanı, ochkolar sanı) | 87<br>91 | 1-7 | 4,12<br>4,22 | 1,136<br>1,189 | 0,121<br>0,125 | 27,57<br>28,17 |
| Urip túsiriw. Tutıp alınǵan yaki qaytarılǵan toplar (ochkolar sanı) | 92<br>87 | 2-8 | 4,90<br>5,4 | 1,131<br>1,123 | 0,118<br>0,120 | 23,08<br>21,97 |

“Úshlik jup oyınshını tutıw” hám “jup halda oyınshını tutıw” háreketli oyın testlerinde ortaǵa túsken oyınshılar sanına qaraǵanda, er balalarda qız balalarǵa qaraǵanda óz-ara jaqsıraq háreketlerdi ámelge asırıw gúzetiledi. Sonıń menen birge “úshlik” va “juplıqlar” oyınlarındaǵı qashıp ketiwde, qız balalar er balalarǵa qaraǵanda kemirek tutıp alınǵan. Usı kórinistegi háreketli oyınlar testleri járdeminde tájiriybeleniwshi toparlarǵa tańlap alınǵan balalar kórsetkishleri boyınsha da gúzetiledi (5. tablitsasında). Er balalar hújim qılıwda, qız balalar bolsa qorǵanıwda kóbirek aktiv ekenliklerin shamalap bilip alıwǵa boladı.

**Háreketli oyın testleri nátiyjeleri boyınsha baslanǵısh tayarlıq toparlarına tańlap alınǵan balalarda oyın testleri kórsetkishleri**

| Háreketli oyın testleri | $\bar{X}$ | δ | m | V% |
|---|---|---|---|---|
| «Quıwgı hám qashıwshı» (tutıp alınǵanlar sanı) | 5,83<br>5,69 | 0,604<br>0,612 | 0,123<br>0,125 | 10,36<br>10,75 |
| «Úshlik jup oyınshını tutıw» (tutılǵan juplıqlar sanı) | 5,69<br>5,42 | 0,707<br>0,684 | 0,144<br>0,140 | 12,42<br>12,67 |
| «Tutılǵan» (neshewi bar) | 3,02<br>2,91 | 0,441<br>0,522 | 0,106<br>0,090 | 14,60<br>17,93 |
| «Jup halda oyınshını tutıw» (tutıp alınǵan oyınshılar sanı) | 5,58<br>5,37 | 0,423<br>0,441 | 0,086<br>0,090 | 7,58<br>8,21 |
| «Tutıldı» (neshewi bar) | 3,24<br>2,98 | 0,451<br>0,481 | 0,092<br>0,098 | 13,91<br>16,14 |
| «Úsh tórt múyeshlik» toptı tutıp aldı yaki qolı menen tiygizdi | 5,61<br>5,54 | 0,498<br>0,513 | 0,101<br>0,105 | 8,87<br>9,26 |
| «Urıp túsiriw» toptı ilip aldı yaki qolı menen tiygizdi (ochkolar sanı) | 5,75<br>5,68 | 0,501<br>0,612 | 0,122<br>0,125 | 10,45<br>10,77 |

Ul hám qız balalar maǵlıwmatların salıstırıw nátiyjesinde, úyrenilgen kórsetkishler boyınsha toparlar statistik (R<0,05) parıq qılmaytuǵının kórsetedi. Oyın testleri boyınsha tájiriybe toparlarına tańlap alınǵan balalardıń variativ-siatistik kórsetkishleri ıxtıyarlı túrde tańlap alıw jıyındısı kórsetkishlerinen úlken parıq qıldı (R<0,05÷0,01). Olardıń nátiyjeleri olarda júdá joqarı oyın talantları bar ekenligin biliwge boladı.

Biz paydalanǵan háreketli oyın testleri negizinen voleybol oyınında kerekli bolǵan túrli qásiyet hám sıpatlardı kórsete alıwın esapqa alıp, tańlap alıw hámme háreketleri oyın testleri nátijeleri jıyındısı arifmetikalıq ortasha úlkenligi boyınsha tańlaw ótkeriledi.

**Oyın qábiliyetine qaraslı esaplanıp, tájiriybe toparlarına tańlab alınǵan jas voleybolchilardı test kórsetkishleri jıyındısınıń ortasha úlkenliklerine qaraslı**

| Háreket oyın testleri | Ortasha úlkenlikler | | Parqı | |
|---|---|---|---|---|
| | Tańlap alınǵan balalar | Tańlap alınǵan balalar | Absolyut kórsetkishlerde | % |
| “Quwıwshı hám qashıwshı” (tutıp alınǵanlar sanı) | 4,25<br>4,15 | 5,83<br>5,69 | 1,58<br>1,54 | 37,1<br>37,1 |
| “Úshlik jup oyınshını tutıw” (tutılǵan jup-lıqlar sanı) | 4,33<br>4,26 | 5,69<br>5,42 | 1,36<br>1,16 | 31,4<br>27,2 |
| “Tutılǵan” (neshewi bar) | 4,29<br>4,06 | 3,02<br>2,91 | -1,27<br>-1,15 | -29,6<br>-28,32 |
| “Jup xalda oyınshını tutıw” (tutıp alınǵan oyınshılar sanı) | 4,23<br>3,92 | 5,58<br>5,37 | 1,35<br>1,45 | 31,9<br>37,0 |
| “Tutıldı” (neshewi bar) | 4,39<br>4,12 | 3,24<br>2,98 | -1,15<br>-1,14 | -26,2<br>-27,6 |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| “Úsh tórt múyeshlik” toptı tutıp aldı yaki qolı menen tiygizdi | 4,12<br>4,22 | 5,61<br>5,54 | 1,49<br>1,32 | 36,1<br>31,3 |
| “Urip tusiriw” toptı ilib aldıǵa yaki qoli menen tiyigizedi (ochkolar sanı) | 4,90<br>5,11 | 5,75<br>5,68 | 0,85<br>0,57 | 17,3<br>11,1 |

İzertlew toparına tańlap alıngan balalar nátiyjeleriniń ortasha kórsetkishlerine qaraǵanda hám salıstırıp analiz qılıw (6.-tablitsa) kórsetkishleri ortasında R<0,05 dan to R<0,01 dárejege shekem anıq parıqlar bar ekenligin kórsetedi.

Absolyut kórsetkishler protsentlerdegi parıq «Quıwshı hám qashıwshı» oyın kórsetkishleri boyınsha eń úlken bolıp shıqtı. Háreketli oyınlar kórsetkishleri boyınsha eń kishi parıq bolsa er balalarda hám qız balalarda «Urıp túsir» oyınında boladı. Ulıwma alǵanda, kópshilik testler boyınsha alıngan maǵlıwmatlar balalardıń oyında bolǵan qábiliyetlerin kórsetiwshi háreketli oyın testi kórsetkishleri boyınsha úlken parıqlar barlıǵın kórsetedi. Endi ǵana shuǵıllanıwdı bunı itibarǵa alıw zárúr.

**Voleybol sektsiyasına balalardı tańlap alıwda paydalanılǵan xalıq háreketli oyınları**

| № | Ataması | İsenimliligi | |
|---|---|---|---|
| | | Ul balalar | Qız balalar |
| 1 | Quıwshı hám qashıwshı | 0,74 | 0,71 |
| 2 | Ushlik jup oyınshını tutıw | 0,72 | 0,71 |
| 3 | Jup xalda oyınshını tutıw | 0,71 | 0,73 |
| 4 | Ush tórt múyeshlik | 0,61 | 0,63 |
| 5 | Urıp tusiriw | 0,86 | 0,82 |

Áwele aıtıp ótkenimizdey, testiń isenimligi, negizinen májbúriy talap esaplanadı. Testi belgili bir waqıttań keyin bir qıylı sharayatlarda tákirarlanǵanda onıń nátiyjeleriniń haqıyqatlıǵı – egerde test informativ bolsa

isenimli analiz qılıwǵa shárt-sharayat esaplanadı. İzertlewlerimizde testiń haqıyqatlıǵı hár bir oyın testi nátiyjeleri boyınsha hámde birge paydalanılǵan oyın testleri nátiyjeleri jıyındısı ortasha arifmetikalıq úlkenlikleri boyınsha anıqlaw múmkin boladı. Qız balalardıń test sınawlarınan ótkeriw nátiyjeleri boyınsha da soǵan qusaǵan kóriniske iye boladı.

Eki toparda da sınaqtan ótiwshilerde test haqıyqatlıǵın kórsetiwshi test hám retest (tákirarlaw testi) kórsetkishleri ortasındaǵı korrektsiya koeffitsientleri úlkenligi boyınsha jaqın bolıp shıqtı hám kópshilik testler boyınsha statistik baylanıslar bar ekenligine qaramay (r=0,71 dan to r=0,86 deyin) ulıwma, testler ekileniwshi isenimlikti bildirdi. Usı háreketli oyınlı test kórsetkishleri boyınsha bolsa tómen korrelyatsiya kórsetkishleri gúzetiledi.

«Urıp tusiriw» (r=0,86 er balalarda, r=0,82 qız balalarda), «úshlik jup oyınshını tutıw», «tutıp alındı» kórsetkishi (r=0,72 hám 0,71) hámde «juplıq halda oyınshını tutıw» kórsetkishi (r=0,71 hám 0,73). Haqıyqatlıq koeffitsientin esaplawdıń basqa bir usılı háreketli oyınlar testleri háreket oyınları nátiyjeleri jıyındısı ortasha arifmetik úlkenlikten paydalanıw menen baylanıslı boladı. Testlerden paydalanıw nátiyjeleri jıyındısı ortasha arifmetikalıq úlkenlikler boyınsha testler hám retestler ortasındaǵı korrelyatsiya juplıq koeffitsientlerin esaplaw

İlimiy maǵlıwmatlar oyın qábiliyetlerin anıqlaw ushın nátiyjelerdiń jıyındısı ortasha arifmetikalıq úlkenliklerine, basqasha qılıp aytqanda, kompleks kórsetkishlerge ámel qılıw zárúrligin kórsetedi, (oyın testleri batareyası nátiyjeleri jıyındısı basqa sonday kórsetkish bolıp, xızmet qılıwı múmkin) háreketli oyınlar testlerinen paydalanıw tek olardıń isenimligin asırıp qoymastan, múmkin pikirimizshe, bul aynıqsa muxim esaplanıp, balalar oyın qábiliyetlerin shólkemlestiriwleri túrli qásiyet hám sıpatların ósiw imkaniyatın beredi. Sport oyınları menen shuǵıllanıwǵa tańlap alıwda itibarǵa alıw júdá áhmiyetli bolıp esaplanadı. Ádebiyatlardaǵı joqarı dárejede isenimligi 0,99-0,85 korrelyatsiya koeffitsienti, jaqsı bahaǵa - 0,84, 0,80, qanaatlandırarlıǵı – 0,79-0,70 isenimsizge – 0,69 hám onnan pás koeffitsientler sáykes keledi.

«Úshlik jup oyınshını tutıw», «Jup halda oyınshını tutıw», «Quıwshı hám qashıwshı», «Úsh tórt múyeshlik» hám «Urıp tusiriw» uqsaǵan háreketli oyınlar testleri kompleks kórsetkishleri ótkerilgen izertleuler nátiyjesinde nátijeli qaǵıydalardan biri sıpatında, dep juwmaq shıǵarıwǵa hám 9-10 jastaǵı er hám qız balalar oyın qábiliyetlerin analiz qılıwda qaǵiyda sıpatında paydalanıwı múmkin, degen juwmaqqa keliwge boladı.

Testler toplamınan paydalanıwda ilajı barınsha kemirek testlerden paydalanıw múmkinligi haqqında sorawlar muxim máselelerden biri bolıp esaplanadı. Usı shártten kelip shıǵıp, oyın testleri ekvivalentligin anıqlaw imkanı payda boladı. V.M. Zatsiorskiy aytıwınsha testler ekvivalentligine qaraǵanda anıq bir jaǵdaylarda payda boladı. Bir tárepten, egerde eki hám onnanda kóp testler ekvivalent bolsa, haqıyqıylıqtı úyreniwler kórsetkishi olardı birgelikte qollaw bahalardıń anıq emesligin asıradı, basqa bir tárepten – bir ekvivalent testi qollanıw paydalı bolıp qalıwı múmkin: bul test ótkeriwdi ápiwayılastıradı hám testler toplamı isenimliligin tek sezilersiz páseyttiredi. «Úshlik jup oyınshını tutıw», «Jup halda oyınshını tutıw» uqsaǵan oyınlar ádewir kóp háreket hám kóp waqıt sarıplanıwın talap etiwshi sebepli usı másele muxim esaplanadı.

Ekvivalent koeffitsientin anıqlaw ushın paydalanılǵan háreketli oyınlar testleri kórsetkishlerin óz-ara baylanıslıǵın jaqınlıǵın koordinatsiyalıq analiz járdeminde esaplap shıǵıldı. İzertlewler túrli háreketli oyınlar testleri kórsetkishleri ortasında ásirese ortasha arifmetik baylanıslılıq gúzetiliwin kórsetip, eń kishi baylanıslıq «urıp túsiriw» háreketli oyın testleri maǵlıwmatları boyınsha gúzetiledi.

**Háreketli oyınlar testi kórsetkishler ortasındaǵı óz-ara baylanıstıń jaqınlıqları**

| Háreketli oyınlar | Úshlik jup oyınshını tutıw | | Jup halda oyınshını tutıw (oyınshılar tutılıwı sanı) |
|---|---|---|---|
| | Tutılǵan juplıqlar (sanı) | Tutılǵanlıǵı (sanı) | |
| “Quıwshı hám qashıwshı” tutılǵanlar sanı | 0,59<br>0,61 | -0,62<br>0,65 | 0,64<br>0,60 |
| “Úshlik jup oyınshını tutıw” tutılǵanlıǵı (sanı) | - | - | 0,74<br>0,72 |
| “Tutıldı” (sanı) | - | - | -0,78<br>-0,73 |

Korrelyatsion analiz maǵlıwmatlar úyrenilip atırǵan testleri joqarı ekvivalentli esaplanbaslıǵın kórsetti. Sonıń ushın oyın qábiliyetlerin anıqlaw ushın olardı kompleksli qollanıw maqsetke muwapıq boladı, háreketli oyınlardı kompleksli qollanıw analiz qılıw isenimligin asırıwdı talantlılarının jánede keń toplamın esapqa alıw imkanın beredi. Bul balalar oyın qábiliyetlerin kóplep test sınawları waqtında pedagogikalıq baqlawlar hám matematikalıq statistika metodları menen tastıyıqlanadı.

Háreketli oyınlardan paydalanǵanda bizge belgili, ol yaki bul belgilerin bahalaw ushın paydalanılatuǵın testler sanın kórsetiwshi, olardıń ekvivalntligi dárejesi haqqındaǵı soraw júzege keledi. Korrelyatsion analiz qılıw ushın oyın testleri ortasısında, ásirese, ortasha arifmetikalıq baylanıslıqtı (r=0, den r=0,5 shekem) gúzetilgenligin kórsetedi. Usı maǵlıwmatlar háreketli oyın testleri joqarı ekvivalentli bolıp esaplanbaytuǵınlıǵın bildiredi. Demek, olardı kompleksli qollanıw maqsetke muwapıq boladı. Bunday tańlap alıwda oyın sıpatları jáne de keń dógerekte esapqa alıwda imkan beredi.

## II. BAP. Halıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdıń nátiyjeliligin izertlewdi tiykarlaw

### 2.1. Pedagogikalıq izertlew protsessinde jas voleyblshılardıń fizikalıq, texnikalıq hám taktikalıqtayarlıqları dárejesiniń dinamikası

Fizikalıq, texnika-taktikalıq tayarlıǵı hám olardıń ósiw dárejesin úyretiw kóp jıllıq shınıǵıwlar protsesslerin jobalastırıw, jas sportshılardıń jası jeke qásiyetlerine qarap, shınıǵıw quralları hám metodların tańlaw ushın muxim áhmiyetke iye. Jas voleybolshılardıń tayarlıq dárejesi hám dinamikasın anıqlaw, trenenrdiń jumısların bahalawǵa da múmkinshilik beredi. Alınǵan maǵlıwmatlar oqıw – tayarlıq protsessinde óz waqtında dúzetiw (korrektsiya)lar júrgiziwge múmkinshilik beredi.

#### Fizikalıq tayarlıq dárejesiniń dinamikası

Fizikalıq tayarlıq dárejesi jas sportshını keyingi tayarlıǵında, sonıń menen bir qatarda sport jarısları basqıshı ushın da úlken áhmiyetke iye. Jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıǵı dárejesin anıqlaw ushın Jas óspirim sport mekteplerinde ámeldegi dástúrge baylanıslı baqlaw sınawları ótkeriledi.

9.tablitsasında tayarlıq toparlarına qabıl qılıwda jas voleybolshılar ul hám qız balalardıń fizikalıq tayarlıqların test sınawları nátijeleri keltirilgen.

Alınǵan maǵlıwmatlardı analiz qılıw balalarda 30 metrge júgiriw, bir jerden turıp biyklikke sekiriw, júgirip kelip biyklikke sekiriw, turǵan halda toptı ılaqtırıw kórsetkishleri voleybol boyınsha sport mektepleri dástúrleriniń meëriy hujjetlerge tiyisli qanıqarlı baha dógeregindegi shegarasına sáykes keldi. Baǵdardı ózgerttirip 6x5 metrge júgiriw, toptı otırǵan halda ılaqtırıw kórsetkishleri bolsa «qanaatlandırarlı» bahasınan pás dárejede boladı.

**Jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıq testi boyınsha sınaq ótkeriw nátiyjeleri**

| Testler | Jınısı | $\bar{x}$ | δ | m | V |
|---|---|---|---|---|---|
| Joqarı stattan 30 metrge juwırıw (sek). | Er b | 6,6 | 0,758 | 0,072 | 12,05 |
| | Q | 6,25 | 0,684 | 0,070 | 10,94 |
| Baǵdarın ózgertip juwırıw 6x5 m/sek. | Er b | 12,92 | 0,971 | 0,093 | 7,63 |
| | Q | 13,72 | 1,224 | 0,126 | 8,92 |
| Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | Er b | 163,48 | 17,225 | 1,649 | 10,53 |
| | Q | 144,25 | 14,036 | 1,447 | 9,59 |
| Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | Er b | 31,23 | 4,374 | 0,419 | 14,00 |
| | Q | 26,47 | 3,717 | 0,383 | 14,04 |
| Júgirip kelip uzınlıqqa sekiriw (sm) | Er b | 38,14 | 5,315 | 0,509 | 13,93 |
| | Q | 30,18 | 4,558 | 0,471 | 15,10 |
| Toltırılǵan toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: orırǵan halda (m/sm) | Er b | 3,35 | 0,732 | 0,070 | 21,85 |
| | Q | 3,04 | 0,677 | 0,069 | 22,26 |
| Turǵan halda (m/sm). | Er b | 8,48 | 2,024 | 0,194 | 23,86 |
| | Q | 6,72 | 1,793 | 0,195 | 26,68 |
| Sekirgen halda (m/sm). | Er b | 7,54 | 1,772 | 0,169 | 23,50 |
| | Q | 5,76 | 1,516 | 0,156 | 26,32 |

Qız balalarda «qanaatlandırarlı»dan tómen, baxa baǵdarın ózgerttirip júgiriw úxó metr nátiyjelerinde kórsetilgen. Basqa testlerdiń bahaları talapları «qanaatlandırarlı» bahaları ortasha, dógeregindegi shegaralarǵa sáykes keledi.

Sport oyınlarında fizikalıq tayarlıǵın bahalaw máselesi bir test, ya bolmasa zańlılıqlar járdeminde sheshilmeytuǵınlıǵın esapqa alıp jas voleybolshılardıń tayarlıqlarınıń kompleksli bahalawdı kirgizdik. Kompleks bahalar (T-shkala boyınsha ballar jıyndısı) dáslepki ósimleri

**Jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıǵın kompleksli kórsetkishi (T-shkola ballar jıyındısı) ósimi**

| Sınalıwshılar | Sanı | O'tkeriw shegarası | $\overline{X}$ | δ | m | V |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Er balalar | 109 | 182,3 - 535,8 | 309,00 | 102,99 | 10,822 | 33,330 |
| Qız balalar | 94 | 165,3 - 520,8 | 297,25 | 106,84 | 11,019 | 35,942 |

Maǵlıwmatlardan ballar jıyındısı ortasha kórsetkishi er balalarda qız balalarǵa qaraǵanda - 11,75 ballǵa joqarı, minimal hám maksimal kórsetkishleri boyınsha ballar jıyındısı: Er balalarda - 35,35, qız balalarda - 35,55 ekenligin kórsetti.

Bir nátiyjelerdiń ózgeriwsheńligin bildiredi. Bul variatsiya koeffitsienti (V) ósimligi menen de tastıyıqlanadı. Ádebiyat sholıwlarınan, belgili bolǵanınday, variatsiya koeffitsienti 20% artıq (V-20%) ósimi ólshew nátiyjeleriniń joqarı ekenligin bildiredi. Alınǵan nátiyjeler boyınsha ólshew nátiyjeleri variatsiya koeffitsienti er balalarda - 33,33%, qız balalarda - 35,94% ke teń. Nátiyjelerdi ulıwma bahalap, tekserilgen balalarda fizikalıq tayarlıqları dárejesinde úlken individual parıq barlıńın kórsetiw múmkin.

Fizikalıq tayarlıǵı keltirilgen kompleks (hámme testler boyınsha ballar jıyındısı) kórsetkishi boyınsha tańlap alıw nátiyjelerin analiz qılıw er balalar - 109 tekserilgen balalardan – 73 de (66,97%), qız balalarda - 94 ten 58 (61,7) hámme testler boyınsha ballar jıyındısınıń ortasha kórsetkishinen pás ekenligin ańlaw múmkinshiligin berdi, yaǵnıy fizikalıq tayarlıǵınıń ortasha kórsetkishine qaraǵanda qanaatlandırarlıǵın tekserilgen balalarda kem bóleginiń ádewir joqarı bolǵandı. Usıǵan qarap ixertlew máselelerine say ráwishte, jas sportshılardı qadaǵalaw hám eksperimet toparlarına tańlap alıw ámelge asırıldı. Qadaǵalaw eksperiment toparları oqıwshılarınıń fizikalıq tayarlıqları dárejesiniń kompleks kórsetkishleriniń dáslepki maǵlıwmatları keltirilgen, er hám qız balalarda kórsetkishler onsha parıq qılmaǵanlıǵı tablitsada kórinip turıptı.

**Baqlanıwshı hám eksperiment toparlarınıń jas voleybolshılarınıń fizikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishleriniń (T-shkola boyınsha ballar jıyındısı) ósimi**

| Sınaw topari | Jınısı | n | O’zgeriw shegarası | $\overline{X}$ | δ | M |
|---|---|---|---|---|---|---|
| QT | Er b | 12 | 344,4 - 535,8 | 407,03 | 54,854 | 15,834 |
| | Q | 12 | 338,9 - 520,8 | 408,17 | 49,179 | 14,196 |
| ET | Er b | 12 | 294,8 - 518,6 | 390,19 | 72,070 | 20,804 |
| | Q | 12 | 296,4 - 509,2 | 398,68 | 65,545 | 18,921 |

Sıpatlama: jaqarıda – er balalar, tómeninde – qız balalar.

QT-qadaǵalanıwshı topar        ET-eksperimental topar.

Usı toparlarda ólshew nátiyjeleriniń parıqları anaǵurlım kem boldı. Boyınıń biyikligine qaraǵanda, háreketli oyın testi hám tayarlıq testi boyınsha alınǵan toparlardaǵı jas sportshılardıń fizikalıq tayarlıǵınıń kompleks kórsetkishleri azımaz parıq qılǵan. Baqlaw hám eksperimental toparlarına tańlap alıw joqarıda kórsetilgenindey (2 bap massalıq: yaǵnıy, boyınıń uzınlıǵı,háreketli oyın testi hám fizikalıq tayarlıǵına qarap qollanılatuǵın usıl menen ótkeriledi.

**Texnikalıq tayarlıq kórsetkishleriniń dinamikası**

İzertlew jumısınıń bul bóliminde, baslanǵısh oqıw tayarlıq basqıshında voleybolshılardıń oyın komponentları boyınsha texnikalıq tayarlıqlarınıń test sınawları nátiyjeleri berilgen:

- úshinshi zonadan tórtinshi zonaǵa ekinshi top jetkeriwdiń anıqlıǵı;
- tómennen tuwrı toptı kiritiw anıqlıǵı;
- toptı qabıl etiw hám altınshı zonadan úshinshi zonaǵa jetkerip beriw;

Testler kópshilik avtorlar tárepinen izertlewler barısında tekserilgen hám jas voleybolshılardıń texnikalıq tayarlıq dárejesin sanlı ráwishte bahalaw múmkinshiligin berdi. Biraq, 9 - 10 jasta texnikalıq hám taktikalıq tayarlıǵın (voleybol menen úsh ay dawamında shuǵıllanǵannan keyin) birinshi orında test sınawlarınan ótkizilip atırǵanlıǵın aytıp ótiw zárúr.

Oyın usıllarına úyretiwdiń kórinisin hám voleybolda massalıq túrde paydalanılatuǵın háreketli oyınlar tásiriniń hámde arnawlı tańlap alınǵan háreketli oyınlarınıń texnikalıq hám taktikalıq tayarlıǵı kórsetkishleriniń tásirin anıqlaw maqsetinde texnikalıq tayarlıǵınıń dáslepki dárejesi anıqlandı. U'yretiwdiń baslanǵısh basqıshında jas voleybolshılarda toptı jetkerip beriw oyının alıp beriw tiykarǵı quralı bolıp esaplanadı, sebebi jas voleybolshılar ele hújim texnikasın, qorǵanıw texnikasın ózlestirip almaǵan. Toptı jetkerip beriw bul basqıshta oyındaǵı hámme usıllardan paydalanıw waqıtınıń eń kóp bólegin quraydı.

Baslanǵısh úyretiw dáwirinde toptı qabıl etiw hám jetkerip beriw texnikasın úyretiw menen baylanıslı. Bul basqıshta jas voleybolshılar toptı tómennen tuwrı kirgiziw texnikasın ózlestiredi, bul voleybol oyını waqtında ózine tán «iske túsiriw» mexanizmi bolıp esaplanadı. Ekinshi toptı jetkeriw, tómennen tuwrı toptı kirgiziw hám jas voleybolshılardıń toptı qabıl etip alıwları hám onı altınshı zonadan úshinshi zonaǵa jetkizip beriw anıqlıǵın úyreniw nátiyjeleri keltirilgen.

İzertlewler voleybol menen úsh ay shuǵıllanǵannan keyin jas voleybolshılar kórsetip ótilgen texnik usıllardı orınlaw belgili tájiriybe hám kónlikpelerine iye bolǵannan keyin ótkerildi.

**Jas voleybolshılardıń texnikalıq tayarlıqlarıqlarınıń test sınawları kórsetkishleriniń nátiyjeleri.** ($\overline{X} \pm \delta$)

| Sınalıw-shılar | Sanı | 3 shi zonadan 4 shi zonaǵa ekinshi top uzatıw anıqlıǵı | Pásten tuwri top kiritiw anıqlıǵı | Toptı qabıl qılıw hám onı 6 shı zonadan 3 shi zonaǵa jetkerip beriw |
|---|---|---|---|---|
| Er balalar | 82 | 2,31 - 0,862 | 2,29 - 0,712 | 1,66 - 0,817 |
| Qız balalar | 79 | 2,24 - 0,847 | 2,22 - 0,824 | 1,68 - 0,854 |

Jas voleybolshılardıń texgikalıq tayarlıqları test sınaqları ádette 11 jasında ótkeriliwi, tekserilip atırǵan balalardıń jası 9-10 jasta ekenligin itibarǵa alıp, mólsher sıpatında voleybol boyınsha JO’SM 10 - 12 jastaǵı balalar ushın baǵdarlama talaplarınan paydalanıladı. Baǵdarlama talapların itibarǵa alıp, alınǵan maǵlıwmatlardı salıstırıp, analiz qılıw úshinshi zonadan tórtinshi zonaǵa ekinshi toptı jetkeriw ortasha ósim dárejesi er balalarda 23%, qızlarda bolsa 25,3% ke talaplardan pás ekenligin kórsetti. Tómennen tuwrı top kirgiziwdiń anıqlıǵı, ortasha ósimi er balalarda 23,7%, qızlarda bolsa 26% baǵdarlama talaplarınan pás ekenligin kórsetti. Kiritilgen toptı qabıl qılıw hám onı altınshı zonadan úshinshi zonaǵa jetkerip beriw er balalarda hám qızlarda da tekserilip atırǵan dáwirde eń pás dárejede boldı hám soǵan say ráwishte 1,66 hám 1,68 ge, yaǵnıy 49,6% hám 44,0% ke baǵdarlama talaplarınan pás ekenligin kórsetti. Er balalarda qızlarǵa qaraǵanda texnikalıq tayarlıq kórsetkishleri pás ekenligin anıqlandı.

Pedagogikalıq eksperimentte qatınasıwı lazım bolǵan voleybolshılardıń texnikalıq tayarlıq dárejesi joqarı edi.

**Pedagogikalıq eksperiment protsessinde baqlaw hám eksperiment toparları jas voleybolshılarınıń texnikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkish nátiyjeleri dinamikası**

| Testler | Tákirar-lanıw sanı | İzerlew basında | | İzertlew aqırında | | Parqı | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | **NG** | **TG** | **NG** | **TG** | **NG** | **TG** |
| 3 shi zonadan 4 shi zonaǵa ekkinshi top uzatıw anıqlıǵı | 5 | <u>2,66</u><br>2,41 | <u>2,66</u><br>2,58 | <u>3,33</u><br>3,00 | <u>3,75</u><br>3,58 | <u>0,67</u><br>0,59 | <u>1,09</u><br>1,00 |
| Pásten tuwrı top kiritiwdiń anıqlıǵı | 5 | <u>2,58</u><br>2,42 | <u>2,75</u><br>2,58 | <u>2,91</u><br>2,75 | <u>3,50</u><br>3,41 | <u>0,33</u><br>0,33 | <u>0,75</u><br>0,83 |
| Toptı qabıl qılıw hám onı 6 shı zonadan 3 shi zonaǵa jetkerip beriw | 5 | <u>2,00</u><br>1,83 | <u>2,08</u><br>2,00 | <u>2,60</u><br>2,41 | <u>3,16</u><br>2,83 | <u>0,60</u><br>0,58 | <u>1,08</u><br>0,83 |

Ekinshi toptı jetkeriw, tómennen tuwrı top kirgiziw, kirgizilgen toptı qabıl qılıw hám onı altınshı zonadan úshinshi zonaǵa jetkizip beriw anıqlıǵı kórsetkishleri talaplardan say ráwishte pás boladı:

Baqlaw toparında er balalarda 11,3; 14,0 hám 33,3% ke;

qız balalarda - 19,6; 19,3 hám 39,0% ke;

Tájiriybe toparınıń balalarında – 11,3; 8,3 hám 30,6% ke tómen boldı.

Baqlaw hám tájiriybe toparlarında tańlap alınǵan sınawda qatınasıwshılardıń texnikalıq tayarlıqları kórsetkishi ádewir joqarı ekenligin pikirimizshe, fizikalıq tayarlıǵı ádewir joqarı dárejede hám anıq súwretlengen oyın qábiliyetleri menen (tájiriybe toparı) túsindiriw múmkin, sonıń menen birge tájiriybe toparında baqlanıwshı toparına qaraǵanda ádewir joqarı ekenligi kórsetilgen.

O'lshewler toplamı hám nátiyjeleri boyınsha, (12 - 13 tablitsalarına qarań) kirgizilgen toptı qabıl qılıw hám onı altınshı zonadan úshinshi zonaǵa jetkerip beriw kórsetkishlerinde eń pás ósimler anıqlandı. Alınǵan maǵlıwmatlardan úyrenilip atırǵan jasta kirgizilip atırǵan toptı qabıl etiw jas voleybolshılar ushın ádewir quramalı kórinip turıptı. Sonıń ushın shınıqtırıwdıń birinshi kúnnen jas voleybolshılardıń qol barmaqları, muskulların rawajlandırıw hám bekkemlewge óz aldına itibar qaratıw zárúr.

JO'SM baǵdarlamalarına tiyisli tómennen toptı jetkeriw texnikasın balalar 11 jastan ózlestiredi. Sonıń menen birge izertlew jumıslarınıń kórsetiwinshe usı hám basqa paydalanılǵan texnikalıq usıllar (testler) úyrenilip atırǵan jastaǵı balalardıń orınlay alıwı hám 11 jastan kóre erterek texnikalıq usıllarǵa úyretiw protsessinde olardan paydalanıw múmkinligin kórsetedi.

Kórsetilgen texnikalıq usıllarǵa úyretiw protsessiniń nátiyjeligin bahalawdı ádewir erte jastan ámelge asırıw múmkin. Bul texnik usıllar túrleri hám olardıń kórinisleri usılları hámde orınlaw sıpatı jarıs iskerligin alıp barıw, sonıń menen birge baslanǵısh tayarlıq dáwirinde de jas sportshılar tayarlıǵı tayanısh dárejesin jaratıw sebepli muxım ekenligin bildiredi.

## Taktikalıq tayarlıq kórsetkishleri dinamikası

Jarıs iskerligi sharayatlarında voleybolshılardıń texnikalıq tayarlıqların ámelge asırıw múmkinshiligi kópshilik jağınan taktikalıq tayarlıq dárejesi, hujim hám qorǵanıwda individual, toparlı, komandalı taktikalıq háreketleri hár túrliligi hám ózlestiriw dárejesine baylanıslı boladı. Taktikalıq dárejesin bahalaw eki tiykarğı kórsetkishler boyınsha ámelge asırıladı.

Birinshi jas voleybolshılar ózlestirip alğan taktik háreketler túrlerin esapqa alıwdı kózde tutadı.

Ekinshisi – baqlaw sınawları (normativler) nátiyjelerin, voleybol boyınsha balalar – óspirimler sport mektebi ushın bağdarlamasına tiykarlanıp hár bir oqıtıw jılı ushın Hujim hám Qorǵanıwda individual (jeke), toparı hám komandalıq taktikalıq háreketlerdiń belgili sanı hám túrleri belgilenedi.

O'zlestirilgen taktikalıq háreketler sanı boyınsha hár bir jasta jas voleybolshılardıń taktikalıq tayarlığı dárejesin bahalaw ámelge asırıladı.

Alıngan mağlıwmatlar jas sportshılardıń taktika-texnikalıq tayarlıqları mazmunın anıqlastırıwda imkan beredi. 9 - 10 jastağı balalar ushın taktikalıq tayarlıqların baqlaw sınawları birinshi márte ótkerilmekte. Ámeliyat hám ádebiyatlardan alıngan jas voleybolshılardıń taktikalıq tayarlıqların bahalaw 13 - 14 jasınan ámelge asırılıwı qabıl qılındı.

Voleybol menen úsh ay shuǵıllanǵanna keyin ótkerilgen jas voleybolshılardıń dáslepki sınawları voleybol menen shuǵıllanıwshılardıń ádewir erte jasında, yağnıy 9 - 11 jasında balalardıń taktikalıq tayarlıqları test sınawların ámelge asırıw múmkinligi haqqında juwmaq shığarıw imkanın beredi.

**Jas voleybolshılardıń taktikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishi nátiyjeleri dinamikası ($\overline{X} \pm \delta$)**

| Sınalıw shılar | Sani | Tapsırıq boyınsha usı zonadaǵı oyınshılar soqqılı urıwın kórsetiwshi háreketlerdi orınlaw | Toptı qabıl qılıw usılın tańlaw: joqarıdan, pásten | Komandalı háreketler, kirigizip atırǵan toptı qabıl qılıw, 3 shi zonadan 5 shi zonaǵa yaki 2 shi zonaǵa ekinshi toptı uzatıw (arqa menen turıp). Tapsırıq boyınsha usı zonadaǵı oyınshılar soqqılı urıw texnikasın kórsetiwshi háreketlerdi orınlaydı |
|---|---|---|---|---|
| Er bala | 82 | 1,34 ± 0,819 | 3,11 ± 1,217 | 1,48 ± 0,822 |
| Qız bala | 79 | 1,36 ± 0,785 | 2,97 ± 1,234 | 1,41 ± 0,864 |

Top kiritiwdi qabıl qılıw usılın tańlawda:

Joqarıdan, tómennen, komandalıq top kiritiwdi qabıl etiw, qshi zonadan ńshi zonaǵa ekinshi toptı jetkizip beriw, yakiy tapsırıq boyınsha usı zonalar oyınshılarınıń soqqısına, toptı jetkerip beriwleri, taktikalıq háreketleri kórsetkishlerin salıstırıp, analiz qılıw (14 - 15 tablitsalar) ulıwma ólshew (er balalar) nátiyjeleriniń ortasha ósimleri baqlanıwshı topar er balalarınan 10,7; 13,1 hám 15,4% ke, qız balalarda bolsa 9,3; 20,8 hám 15,15% ke tómen bolǵanın kórsetti.

**Pedagogikalıq tájiriybe protsessinde baqlanıwshı hám tájiriybe toparlarında jas voleybolshılardıń taktikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishler dinamikası ($\overline{X} \pm \delta$)**

| Sınalıw -shılar | Tapsırıq boyınsha usı zonadaǵi oyın shılar soqqılı urıwdı kórsetiw shi háreketlerdi orınlaydı | Toptı qabıl qılıw usılın tańlap: joqarıdan, pásten | Komandalı háreketler, kirgizip atırǵan toptı qabıl qılıw, 3 shi zonadan 4 shi zonaǵa yaki 2 shi zonaǵa ekinshi top uzatıw (arqa menen turıp). Tapsırıq boyınsha usı zonadaǵı oyınshilar soqqılı urıw texnikasın kórsetiwshi háreketlerdi orınlaydı |
|---|---|---|---|
| Qadaǵalaw topari | | | |
| Er bala | 1,50 ± 0,781 | 3,56 ± 1,024 | 1,75 ± 0,817 |
| Qız bala | 1,50 ± 0,732 | 3,75 ± 1,136 | 1,66 ± 0,832 |
| Analiz topari | | | |
| Er bala | 1,66 ± 0,763 | 4,0± 1,324 | 1,83 ± 0,802 |
| Qız bala | 1,66 ± 0,817 | 3,83 ± 1,334 | 2,0 ±0,924 |

Tájiriybe toparında taktikalıq tayarlıǵınıń kórsetkishleri er balalarda ulıwma ólshewlerden 21,2; 21,3 hám 19% ke, qız balalarda – 16,0 hám 26,2% ke joqarı bolıp shıqtı. Baqlanıwshı topar nátiyjeleri menen salıstırǵanda test sınawları nátiyjeleri sınalıp atırǵan tájiriybe toparlarında joqarı boldı:

Er balalar -11,8; 9,4 hám 4,4% ke, qız balalar -7,4; 2,1 hám 13,1% ke joqarı boldı. Texnika hám taktikalıq tayarlıqlarınıń test sınawların bahalap, 9 - 10 jastaǵı jas voleybolshılarda test sınawlarınan paydalanıwmúmkinshiligin, alıngan nátiyjeler bolsa texnika – taktikalıq tayarlıǵı kórsetkishleri ózgeriw

dárejesi hám baǵdarları haqqında pikir júritiwge imkan beredi. Bul oqıw – tayarlıqları protsesslerin dúzetiw ushın muxim bolıp esaplanadı. İzertlewlerdiń nátiyjeleri úyretiwdiń baslanǵısh basqıshında texnika – taktikalıq tayarlıq dárejesi kópshilik jaǵınan qábiliyeti bar hám jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıǵına baylanıslı ekenin kórsetedi.

## 2.2. Pedagogikalıq izertlew protsessinde jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıqlarınıń dárejesin kompleks bahalaw

Usı bólimde baqlanıwshı hám eksperiment toparları jas voleybolshılarınıń fizikalıq tayarlıqlar kórsetkishleriniń ózgeriw bağdarların úyreniw nátiyjeleri berilgen. Aytıp ótkenimizdey, baqlanıwshı hám tájiriybe toparında ulıwma qılınǵan metodlar fizikalıq tayarlıǵı kórsetkishleri boyınsha, hápeketli oyınlar testleri járdeminde tańlap alınǵan shuǵıllanıwshılar kirgizildi.

Baqlanıwshı topar oqıwshıları voleybol boyınsha JO'SMde házirgi kúnde ámeldegi baǵdarlaması boyınsha shuǵıllanadı. Usı jaǵdayda izertlewlerdiń wazıypası tájiriybe dawamında tańlap alıwdıń massalıq usılına qarǵanda háreketli oyın testleri járdeminde ótkerilgen tańlaw qanshelli nátiyjeliligin anıqlaw bolıp esaplanadı. Eksperiment topar jas voleybolshılardı tayarlaw dawamında JO'SM oqıw baǵdarlamalarında kózde tutılǵan qural hám metodlar menen bir qatarda oqıw trenirovkalarında tiykarǵı háreketleriniń dúzilisi boyınsha voleyboldaǵı tiykarǵı háreketlerde uqsas bolǵan arnawlı tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınları paydalandı.

Wazıypa arnawlı tańlap alınǵan háreketli oyınlardıń jas voleybolshılar tayarlıqları ushın túrli tárepten nátiyjeli tásir kórsetiwin anıqlawdan ibarat boldı. Bir yarım jıllıq pedagogikalıq tájiriybe dawamında fizikalıq tayarlıq dárejesi úsh márte úyrenip shıǵıldı: izertlewdiń baslanıwında, birinshi oqıw jılınıń tamamlanıwında shártli ráwishgte «Tájiriybe úyretiw»den belgilenedi hám úyretiwdiń ekinshi jılınıń aqırında pedagogikalıq izertlew dawamında baqlaw toparı jas voleybolshıları fizikalıq tayarlıqları dárejesin tekseriw nátiyjeleri keltirilgen.

**Pedagogikalıq izertlewler dawamında jas voleybolshılardıń (er balalar) fizikalıq tayarlıq kórsetkishleriniń ósiwi. (%)**

| Sınalıwshı topararları | Joqarı startan 30 metrge juwırıw (sek). | Bağdarın ózgertip juwırıw 6 x 5 m/sek. | Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | Toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: orırğan halda (m/sm) | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Otırğan halda | Turğan halda | Sekirgenhalda |
| Eksperiment ortasındağı kórsetkishleri ósiw | | | | | | | | |
| QT | -4,1 | -3,7 | 4,3 | 4,4 | 9,5 | 9,2 | 8,6 | 6,9 |
| ET | -4,1 | -5,4 | 9,3 | 16,9 | 14,2 | 19,8 | 11,6 | 12,5 |
| Eksperiment aqırındağı kórsetkishler ósiwi | | | | | | | | |
| QT | -6,8 | -6,6 | 8,7 | 25,1 | 20,2 | 28,4 | 19,2 | 16,7 |
| ET | -10,0 | -8,5 | 35,8 | 35,8 | 29,9 | 41,2 | 24,8 | 27,0 |

**Pedagogikalıq tájiriybe protsessinde jas voleybolshılarda (qız balalar) fizikalıq tayarlığı kórsetkishleriniń ósiwi (%)**

| Sınalıwshı topararları | Joqarı startan 30 metrge juwırıw (sek). | Bağdarın ózgertip juwırıw 6 x 5 m/sek. | Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | Toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: orırğan halda (m/sm). | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | | Otırğan halda | Turğan halda | Sekirgenhalda |
| Eksperiment ortasındağı kórsetkishleri ósiw | | | | | | | | |
| QT | -4,1 | -3,7 | 4,3 | 4,4 | 9,5 | 9,2 | 8,6 | 6,9 |
| ET | -4,1 | -5,4 | 9,3 | 16,9 | 14,2 | 19,8 | 11,6 | 12,5 |
| Eksperiment aqırındağı kórsetkishler ósiwi | | | | | | | | |
| QT | -6,8 | -6,6 | 8,7 | 25,1 | 20,2 | 28,4 | 19,2 | 16,7 |
| ET | -10,0 | -8,5 | 35,8 | 35,8 | 29,9 | 41,2 | 24,8 | 27,0 |

Sıpat: QT-qadaǵalanıwshı topar    ET-eksperimental topar.

U’yreniwdiń birinshi jılınıń aqırına kelip, er balalardıń test sınawları nátiyjeleri testler boyınsha baǵdarlama talaplarınan pás dárejede bolıp shıqtı, sonıń menen birge tek ǵana utılǵan jaǵdayındaǵı toptı ılaqtırıw kórsetkishleri meeriy talaplarǵa jaqın boldı. U’yretiwdiń ekinshi jılınıń aqırına kelip baǵdarlama talapların baǵdardı ózgerttirip júgiriw hám toltırılǵan toptı (1 kg) eki qollap bastıń artınan ılaqtırıw say keldi. Basqa kórsetkishler baslanǵısh úyretiw dáwirinde basqıshtan-basqıshqa ótkeriw sınawları talaplarınan azımaz tómen boldı.

Qadaǵalaw toparı qız balalarında da shama menen usınday kórsetkishler sezildi. Eksperiment ortasında toltırılǵan toptı

(1 kg) eki qollap bastıń artınan turǵan halda ılaqtırıw (8.16 m) hám sekirgen jaǵdayda ılaqtırıw (6,94 m) kórsetkishleri baǵdarlama talaplarına sáykes keldi. Qalǵan testler kórsetkishleri talaplardan pás boldı. İzertlew aqırında úyretiw dáwiriniń ekinshi yarımınıń testler nátiyjeleri baǵdarlama talaplarına sáykes ekeni jaqın boldı.

**Pedagogikalıq tájiriybe dawamında qadaǵalaw toparında jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishleriniń dinamikası ($\bar{\tilde{o}} \pm \delta$)**

| Testler | Eksperiment basınan | Eksperiment ortası | Parqı | Eksperiment juwmaǵında | dáslepki eksperimentler den parqı | R |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Joqarı stattan 30 metrge juwırıw (sek) | 5,61±0,418 | 5,38±0,427 | -0,23 | 5,23±0,413 | -0,38 | <0,05 |
| Baǵdarın óz-gertip juwırıw 6 x 5 m/sek | 12,51±0,671 | 12,05±0,662 | -0,46 | 11,68±0,721 | -0,83 | <0,05 |
| Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | 176,49±5,314 | 182,08±6,189 | 5,59 | 191,83±5,774 | 15,34 | <0,05 |
| Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | 37,08±2,112 | 41,33±2,124 | 4,25 | 46,42±2,245 | 9,33 | <0,01 |
| Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | 44,83±2,417 | 49,10±2,508 | 4,27 | 53,91±2,612 | 9,08 | <0,01 |
| Toltırılǵan toptı (1kg) eki qollap bas artınan ılaq-tırıw: orırǵan halda (m/sm). | 4,78±0,534 | 5,22±0,612 | 0,44 | 6,14±0,594 | 1,36 | <0,01 |
| Turǵan halda (m/sm). | 9,92±1,259 | 10,77±1,323 | 0,85 | 11,83±1,192 | 1,91 | <0,01 |
| Sekirgen halda (m/sm). | 8,25±1,237 | 8,82±1,117 | 0,57 | 9,63±1,219 | 1,38 | <0,01 |

Joqarı starttan 30 metrge juǵırıwda hám júgirip kelip biyiklikke sekiriw testi kórsetkish nátiyjeleri dástúr talaplarına teń, qalǵan kórsetkishler dástúr talaplarınan pás dárejede boldı.

**Pedagogikalıq tájiriybe dawamında jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıqları kórsetkishleriniń dinamikası**

| Testler | Eksperiment basınan | Eksperiment ortası | Parqı | Eksperiment juwmaǵında | Dáslepki eksperimentlerden parqı | R |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Joqarı stattan 30 metrge juwırıw (sek). | 5,90±0,462 | 5,69±0,443 | -0,21 | 5,49±0,505 | -0,41 | <0,05 |
| Baǵdarın óz-gertip juwırıw 6 x 5 m/sek. | 13,40±0,732 | 12,70±0,694 | -0,7 | 12,31±0,721 | -1,09 | <0,05 |
| Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | 145,41±4,841 | 163,18±4,627 | 6,77 | 169,25±4,573 | 12,84 | <0,01 |
| Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | 28,91±1,902 | 35,40±1,812 | 6,49 | 39,79±1,728 | 10,88 | <0,01 |
| Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | 31,51±2,096 | 38,02±2,134 | 6,51 | 42,29±2,118 | 10,78 | <0,01 |
| Toltırılǵan toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: orırǵan halda (m/sm). | 3,82±0,458 | 4,34±0,477 | 0,52 | 4,78±0,513 | 0,96 | <0,01 |
| Turǵan halda (m/sm). | 7,52±1,120 | 8,16±1,209 | 0,64 | 8,87±1,314 | 1,35 | <0,01 |
| Sekirgen halda (m/sm). | 6,70±0,934 | 6,94±0,965 | 0,24 | 7,75±1,104 | 1,04 | <0,01 |

Tájiriybe toparı oqıwshılarınıń test sınawları nátiyjeleri tiykarǵı ósimleri birinshi oqıw jılı (tájiriybe ortası) klasstan klassqa ótiw tájiriybelerine hám eki oqıw jılı pitkeriw talaplarında sáykes kelgen kórsetkishler menen paydalanadı.

**Pedagogikalıq tájiriybe dawamında tájiriybe toparındaǵı jas voleybolshılar (er balalar) dıń fizikalıq tayarlıqların kórsetkishleriniń dinamikası**

| Testler | Eksperiment basınan | Eksperiment ortası | Parqı | Eksperiment juwmaǵında | dáslepki eksperimentler den parqı | R |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Joqarı stattan 30 metrge juwırıw (sek). | 5,68±0,471 | 5,30±0,452 | -0,38 | 5,11±0,426 | -0,57 | <0,01 |
| Baǵdarın óz-gertip juwırıw 6 x 5 m/sek. | 12,46±0,689 | 11,78±0,610 | -0,68 | 11,30±0,584 | -1,16 | <0,01 |
| Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | 175,83±5,615 | 185,20±5,335 | 3,37 | 198,11±5,014 | 22,28 | <0,01 |
| Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | 36,50±2,176 | 42,68±2,237 | 6,18 | 49,59±2,118 | 13,09 | <0,01 |
| Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | 43,83±2,512 | 50,04±2,444 | 6,21 | 56,94±2,387 | 13,11 | <0,01 |
| Toltırılǵan toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: otırǵan halda (m/sm). | 4,59±0,571 | 5,50±0,545 | 0,91 | 6,48±0,513 | 1,89 | <0,01 |
| Turǵan halda (m/sm). | 9,81±1,343 | 10,95±1,289 | 1,14 | 12,24±1,209 | 2,43 | <0,01 |
| Sekirgen halda (m/sm). | 8,17±1,273 | 9,19±1,215 | 1,02 | 10,38±1,223 | 2,21 | <0,01 |

**Pedagogikalıq tájiriybe dawamında jas voleybolshılar (qız balalar) fizikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishler dinamikası. ($\bar{\tilde{o}} \pm \delta$)**

| Testler | Eksperiment basınan | Eksperiment ortası | Parqı | Eksperiment juwmaǵında | Dáslepki ekspe-riment-lerden parqı | R |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Joqarı stattan 30 metrge juwırıw (sek) | 5,91±0,454 | 5,58±0,441 | -0,33 | 5,35±0,392 | -0,56 | <0,01 |
| Baǵdarın óz-gertipjuwırıw 6 x 5 m/sek. | 13,29±0,777 | 12,11±0,738 | -1,18 | 11,50±0,718 | -1,79 | <0,01 |
| Ornınan turıp uzınlıqqa sekiriw (sm) | 155,32±4,911 | 166,31±4,624 | -10,99 | 176,94±4,464 | 21,62 | <0,01 |
| Ornınan turıp biyiklikke sekiriw (sm) | 30,01±1,960 | 37,60±1,695 | 7,59 | 43,20±1,473 | 13,19 | <0,01 |
| Júgirip kelip biyiklikke sekiriw (sm) | 32,11±2,117 | 42,40±2,008 | 10,29 | 48,69±1,983 | 16,58 | <0,01 |
| Toltırılǵan toptı (1 kg) eki qollap bas artınan ılaqtırıw: orırǵan halda (m/sm). | 3,92±0,469 | 4,61±0,471 | 0,69 | 5,19±0,405 | 1,27 | <0,01 |
| Turǵan halda (m/sm). | 7,41±1,214 | 8,32±1,177 | 0,91 | 9,24±1,154 | 1,83 | <0,01 |
| Sekirgen halda (m/sm). | 6,79±1,107 | 7,52±1,121 | 0,73 | 8,73±1,110 | 1,94 | <0,01 |

Sınalap atırǵan usı toparlarınıń ekinshi tayarlıqları dárejesi parıqları r <0,01 den r <0,001 isenimliligi menen (22 tablitsasına qarań) basqa tekserilgen toparlar oqıwshılarınan ádewir joqarı boldı.

| Eksperiment shártleri | Sinalaëtganlar guruhi | $\overline{X}$ | $\delta$ | m | R |
|---|---|---|---|---|---|
| Er balalar | | | | | |
| Eskperiment basında | QT | 407,03 | 56,864 | 16,415 | |
| | ET | 389,36 | 72,070 | 20,804 | |
| Eksperiment ortasında | QT | 571,31 | 63,431 | 18,310 | <0,01 |
| | ET | 621,14 | 56,072 | 16,186 | <0,01 |
| Eksperiment aqırında | QT | 745,00 | 69,771 | 20,141 | <0,01 |
| | ET | 854,45 | 59,469 | 17,167 | <0,01 |
| Qız balalar | | | | | |
| Eskperiment basında | QT | 408,17 | 49,171 | 14,196 | |
| | ET | 398,68 | 65,545 | 18,921 | |
| Eksperiment ortasında | QT | 548,69 | 82,689 | 23,870 | <0,01 |
| | ET | 646,69 | 64,707 | 18,679 | <0,01 |
| Eksperiment aqırında | QT | 701,00 | 88,392 | 25,516 | <0,01 |
| | ET | 881,81 | 64,154 | 18,519 | <0,01 |

Aldıńǵı tablitsalarında keltirilgen kórsetkishlerden túrli topar shınıǵıwları voleybol menen shuǵıllanıwdıń birinshi jılında hám ekinshi jılında kópshilik jaǵdaylarda faktorlarǵa hám sonıń ushın ádewir qıyın rawajlanatuǵın tezlik sıpatları hám shaqqanlıǵı (joqarı starttan 30 metrge júgiriwshi baǵdarı ózgerttirip juǵırıw (5 x 6)) menen baylanıslı bolǵan jaǵdayda eń az ósiw nátiyjelerine eriskenleri kórinip turıptı. Eksperiment toparlarında sekirlishlik, yaǵnıy voleybol menen shuǵıllanıwda eń maqul sıpatlardan biri menen baylanıslı kórsetkishler bolǵan eń úlken ósimniń ústinligi gúzetiledi.

Alınǵan maǵlıwmatlardı shólkemlestiriw ulıwma tayarlıq protsessiniń dinamikasın úyrenip túrli kórsetkishlerdiń ósiwi ttúrli baǵdardaǵı qásiyetke iye ekenligin kórsetti. Sol sebepli fizikalıq tayarlıqtı kompleks bahalaw dinamikası júdá úlken áhmiyetke iye. tablitsasında pedagogikalıq eksperiment protsessinde fizikalıq tayarlıqtıń kompleks kórsetkishleriniń ózgeriwi baǵdarlanǵanlıǵın

kórsetiwshi maǵlıwmatlar keltirilgen. Dáslepki maǵlıwmatlardı hám pedagogikalıq izertlew ortasında, aqırnda alınǵan nátiyjeler salıstırıp analiz qılıw qadaǵalaw toparında, eksperiment toparındada hám er balalarda fizikalıq tayarlıq dárejesi jaqsılanıwın kórsetip berdi.

Fizikalıq tayarlıqtıń kompleks kórsetkishi (t shkalası boyınsha testler jıyındısı) ósiwi eksperiment toparlarında er hám balalar bahalar eń joqarı boldı. Jas sportshılarda fizikalıq tayarlıǵınıń kompleks bahalaw bilimlerin analiz qılıw standart t-shkalasında paydalanıw hám hár bir sportshı salıstırıw ballarında qábiliyetleri haqqında juwmaq shıǵarıw múmkin ekenligin kórsetti. Máselen joqarı starta 30 metrge juırıw nátiyjelerin salıstırıw menen orınlaw múmkin emes, bul jerde ólshew sekundlarda orınlanadı. Sekiriwde de orınlaw múmkin emes. Bul jerde santimetrlerde ólshenedi. Ballardı negizinen t-shkalası boyınsha shıǵarılǵan ballardı salıstırıp trener sportshını fizikalıq tayarlıǵı hár táreplemeanıqlaw shkalasında iye boladı hám bunıń tiykarında rawajlanıw orta dárejede qalıp atırǵan fizikalıq sıpatlardıń sáykes ráwishte asırıw ushın qural hám metodlardı tańlap alıwǵa imkaniyat boladı.

Eksperiment toparı shuǵıllanıwshılarında fizikalıq tayaplıq dárejeleriniń dinamikasın úyreniw nátiyjelerin analiz qılıw tańlanǵan sport túriniń qásiyetlerin hám rawajlanıwda artta qalıwshı fizikalıq sıpatlardı esapqa alıp, arnawlı baǵdarlanǵan Xalıq háreketli oyınları toplamınan paydalanıw menen alıp barılǵan trenirovkalar olardıń differentsial (tańlap alınǵan) rawajlanıwdıń hám ósiwine joqarı támiyinlengenligin kórsetedi.

## 2.3. İzertlew protsessinde jas voleybolshılardıń texnikalıq hám taktikalıq tayarlıqları dárejesinniń ózgeriwin bawalaw

Texnikalıq tayarlıǵınıń dárejesin ózgertiwin bahalaw. Ádebiyatlarda hámde ámeliyatınan bizge belgili bolǵan, bazı bir fizikalıq tayarlıq dáslepki kórsetkishleriniń ádewir joqarı dárejesine iye bolǵan, biraq oqıwǵa qábiliyetli bolmaǵan bala áweli onıń ushın múmkin bolǵanınday kóringen joqarı sport nátiyjelerine erise almaydı. Bunday maǵlıwmatlar dáslepki imkaniyatları hám qábiliyetlerin úyreniw menen sáykes emesligin bildiredi. Mine sonnı itibarǵa alıp, tańlap alıwdıń ulıwma usılları menen (texnikalıq tayarlıǵınıń kórsetkishleri boyınsha) hám háreketli oyınlar testi boyınsha ámelge asırılǵan jas voleybolshılarınıń texnikalıq hám taktikalıq tayarlıqları dárejesi ózgeriwin úyreniw múmkin dep esaplaydı.

Tayarlıqtıń túrli basqıshları boyınsha ótkerilgen oqıw trenirovkaları tásiri astında baqlaw hám eksperiment toparları (er hám qız balalar) shuǵıllanıwshılarında texnikalıq tayarlıq kórsetkishleri:

3 zonadan 4 zonaǵa ekinshi toptı uzatıw anıqlıǵı, tómennen tuwrı top kirgiziwdiń anıqlıǵı, onı qabıl qılıp alıw hám 6 zonadan 3 zonaǵa jetkirip beriw. Pitkeriw talaplarına baylanıslı hámme testlerde ń ke teń bolıwı kerek.

**Pedagogikalıq tájiriybe protsessinde qadaǵalaw hám tájiriybe toparları jas voleybolshılarınıń (er balalar) texnikalıq tayarlıqları kórsetkisheriniń dinamikası**




QT-qadaǵalanıwshı topar ET-eksperimental topar.

**Pedagogikalıq izertlewler protsessinde qadaǵalaw toparı, eksperimental toparları jas voleybolshılarında (qız balalar) texnikalıq tayarlıqları kórsetkishleriniń dinamikası**




Tablitsada tekserilgen toparlardıń hesh qaysısında ortasha kórsetkish kerekli muǵdarda emesligi kórinip turıptı. Sonıń menen birge, texnikalıq tayarlıq kórsetkishleri eń pási qadaǵalaw toparları oqıwshılarında bolıp shıqtı. Tablitsada túrli testlerde dáslepki dárejesine qaraǵanda test sorawları nátiyjelerinde ósiw parqı qadaǵalaw toparlarında ekenligi kórinip turıptı. Er hám qız balalarda 0,33 ten 0,67 aralǵında ózgerdi. Tájiriybe toparında bolsa 0,7 den 1,07 ge ózgerdi. Pedagogikalıq eksperiment protsessinde qadaǵalawshı topar hám eksperimental toparlarınıń jas voleybolshılarınıń texnikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishler dinamikası protsent jaǵınan qaraǵanda 2 - súwrette keltirilgen.

Eksperiment toparında tarmaqları ósiwi er balalar hám qız balalarda da qadaǵalaw toparı kórsetkishlerinde úlken parqtıń bar ekenligi bilinip turıptı. Bunday nızamlılıqtıń barlıǵı tiykarınan háreketli oyınlar testler járdeminde tańlap alınǵan jas voleybolshılar oqıwı anaǵurlım joqarı ekenligi sebepli oyın iskerligine ádewir joqarı qábiliyet imkaniyatlarına iye bolǵanlıqları menen túsindiriledi.

**Texnikalıq tayarlıq dinamikasınıń ózgeriwin bahalaw**

Sport oyınını túrlerinde hám jeke gúreslerinde jarısıw iskerligi nátiyjesi hám jarısıw iskerligi nátiyjesi hám tabısqa erisiw oyınlar iyelegen texnika-

taktikalıq háreketleriniń túrli jaǵdaylarında hámde olardı qollaw sharayatı sheberligi hám jarıs sharayatlarındaǵı qolaylılıǵına baylanıslı boladı. Sonıń ushın jarıs sharayatında hújim hám qorǵanıwda texnika-taktikalıq háreketleriniń joqarı dárejede iyelegen sharayatlardıń imkaniyatı kúshli boldı. Bul mazmunda túrli dástúrler menen talap qılınǵan hám tayarlıqlar alıp barılǵan qadaǵalaw hám tájiriybe toparlarınıń toparları jas voleybolshılarınıń texnikalıq tayarlıqları dárejesiniń ózgeriwiniń baǵdarın anıqlaw áhmiyetli boldı.

Aytıp ótilgenindey úyrenilip atırǵan jas voleybolshılar texnikalıq tayarlıq dárejesin úyreniw birinshi márte ótkerilmekte. Ádette taktikalıq kórsetkishlerin esapqa alıw 13 - 14 jasınan baslanadı. Sonıń menen birge alıp barılǵan izertlew jumısları ádewir erte jasında alınǵan kóplegen kórsetkishler boyınsha tayarlaw dástúri hám basqada qásiyetlerine qarap, belgili zańlılıqlardı anıqlaw múmkinshiligin kórsetti. 22 tablitsasında pedagogikalıq tájiriybe toparları hám ámeliyatına taktikalıq tayarlıqlar dárejesi ózgeriwi baǵdarların kórsetiwshi maǵlıwmatlar keltirilgen.

Kópshilik kórsetkishler boyınsha er balalardıń taktikalıq tayarlıqları dárejesi qızlarǵa qaraǵanda joqarı boldı. Qadaǵalaw toparı oqıwshılarında taktikalıq tayarlıq dárejesi kórsetkishleriniń ósiwi tájiriybe aqırında 0,33 ten tap 1,0 ge shekem boldı. Tájiriybe toparlarınan sınalıp atırǵanlarda bolsa 0,59 dan 1,41 ge shekemgi aralıqlarda boldı. Taktikalıq tayarlıq dárejesinde tájiriybe toparında sınawda qatınasıwshılar eń úlken ósimi bayqaldı, olardı tayarlaw protsessinde voleybol oyınınıń qásiyetleri esapqa alındı, arnawlı tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıldı.

Tájiriybe nátiyjeleri ulıwma,voleybol menen sistemalı shuǵıllanıw jas sportshılardı taqlap alıw hám tayarlawda qollanılatuǵın qural hám metodlarında fizikalıq rawajlanıw dárejesiniń ósiwi payda bolǵanın kórsetti. Sonıń menen birge túrli toparlar kórsetkishleriniń fizikalıq tayarlıqları dárejesiniń dinamikasında óziniń qásiyetleri anıqlandı.




BT –baqlanıwshı topar TT –tájiriybe topar

1 - 3 shi zonadan 4 shi yaki 2 shi zonaǵa ekinshi toptı jetkerip beriw (arqa menen turıp). Tapsırıq boyınsha usı zonadaǵı oyınshılar qattı soqqılı urıwdı kórsetiwshi háreketlerdi orınlaydı;

2 shi toptı qabıl qılıw usılın tańlap: joqarıdan, pásten;

3 shi komandalı háreketler; kirgizilgen toptı qabıl etiw;

3 shi zonadan 4 shi yakiy 2 shi zonaǵa ekinshi toptı jetkeriw (arqa menen turıp) tapsırıq boyınsha usı zonadaǵı oyınshılar soqqı menen urıw texnikasın kórsetiwshi háreketlerdi orınlaw.

**Pedagogikalıq izertlew protsessinde qadaǵalaw hám tájiriybe toparı jas voleybolshıları er balalardıń taktikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishleri dinamikası:**




BT – baqlawshı topar TT –tájiriybe topar

Háreketli oyınlar testleriniń kórsetkishleri boyınsha baslanǵısh tayarlıq toparlarına tańlap alınǵan balalardıń fizikalıq, texnika hám taktikalıq tayarlıqlar dárejesi dinamikasın hám qadaǵalaw, tájiriybe toparlarınıń fizikalıq tayarlıǵını salıstırıp analiz qılıw, jas voleybolshılardı tańlap alıw hám tayarlaw, baslanǵısh basqıshında xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıw joqarı nátiyjeligin anıqlawǵa imkan beredi.

Fizikalıq tayarlıq kórsetkishiniń dinamikası voleybol menen shuǵıllanıw dáwiri (9 - 10 jas) tezlik sıpatları hám shaqqanlıqtıń ósiwiniń joqarı ekenligin ańlatadı. Olardı maqsetke muwapıq rawajlandırıw ushın hám qolaylı dáwir ekenligin isendiredi. Bunday dáwirdi anıqlaw muxim esaplanadı hám jas sporshılardıń tayarlıqların sistemalı baqlap barıwdı kózde tutadı.

Fizikalıq, texnika, taktikalıq tayarlıq kórsetkisleriniń ósiwi esapqa alıp, keleshegi bar balalardı, yaǵnıy, voleybol menen shuǵıllanıw ushın tańlap alıw muxim esaplanadı. Jas voleybolshılardı tayarlawda voleyboldıń qásiyetlerin esapqa alıp, tańlap alınǵan xalıqlardıń fizikalıq tayarlıqları ádewir jaqsılanǵanın kórsetti. Bul sport jetiskenlikleri menen bir qatarda adamnıń hár tárepleme rawajlanıwı, den sawlıǵınıń shınıǵıwlar júklemelerine sáykesleniwiniń tezleniwi hám orınlaw qábiliyetiniń joqarılawı úlken áhmiyetke iye.

Úlgili tayarlıq baǵdarlama boyınsha shuǵıllanǵan balalarda kórilip atırǵan sharayatlarda fizikalıq, texnika hám taktikalıq tayarlıǵın asırıw belgisi bir dárejede jas sportshı áwladtı tárbiyalaw, bunıń ushın shuǵıllanıwshılardıń shólkemleskenli fizikalıq tayarlıqların asırıwdı talap etiliwi, bul sport jetiskenlikleri menen bir qatarda den sawlıqtı bekkemlew, adamdı hár tárepleme rawajlandırıw, shınıǵıwlar júklemeleriniń sáykesleniwin tezletiw hám jumıstı orınlaw qábiliyetin asırıwda eń muxim áhmietke iye ekenligin aytıp ótiw kerek. Baǵdarlanǵan pedagogikalıq tásir jasaw menen xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıw tájiriybeler kórsetiwlerine qaraǵanda, jas keleshegi bar jaslardı tayarlawda nátiyjeli qural ekenligin kórsetti. Tayarlıq, basqa quralları hám metodlardan paydalanıw múmkinshiligin de kórsetti.

## 2.4. Pedagogikalıq izertlewler dawamında jas voleybolshılardı fizikalıq hám texnika-taktikalıq tayarlıqlarınıń óz-ara baylanıslıǵı

Alınǵan maǵlıwmatlar texnika hám taktikalıq tayarlıq dárejesi úyretiwdiń baslanǵısh basqıshlarınan aq, kópshilik jaǵınan oyın qábiliyetleriniń barlıǵı hám jas voleybolshılardıń fizikalıq tayarlıq dárejesine baylanıslı boladı. Sonday qılıp, pedagogikalıq tájiriybe barısında qadaǵalaw toparı, tájiriybe toparlarında fizikalıq hám texnika-taktikalıq tayarlıqların, T-shkalası boyınsha ámeliy nátiyjelerin kórip shıǵıw 9 - 10 jaslı jas voleybolshılar menen uzaq waqıt shınıqtırıwlar.

Egerde, trenirovka protsesinde baǵdarlama boyınsha shınıǵıwlardı arnawlı tańlap alınǵan hám voleybol oyın elementleri qásiyetlerine sáykeslendirip Xalıq háreketli oyınlarınan paydalanılsa, fizikalıq sıpatların rawajlandırıw hám texnika-taktikalıq tayarlıǵın jetilistiriw jumısında ádewir nátiyjeli boladı degen juwmaqqa keliwge boladı. Bizge belgili, fizikalıq tayarlıǵın qadaǵalaw nátiyjelerin bahalaw individual nátiyjelerin usı jetilistiriw toparı ushın ortasha, yakiy májbúriy nátiyjeler menen salıstırıw protsessinde ótkeriledi.

**Pedagogikalıq tájiriybe protsessinde qadaǵalaw hám tájiriybe toparlarında jas voleybolshılardıń fizikalıq hám texnikalıq tayarlıqlarınıń kórsetkishler dinamikası**



Bunday jaǵdayda kóbinshe ayırım testler boyınsha jaqsı tayarlanǵan, basqası boyınsha jaman tayarlanǵan bolıp shıǵadı. İntegral bahalawdı keltirip shıǵarıw qıyın boladı. Biraq bunday bahalaw zárúrligi anıq kórinip turıptı hám bul bahanı alıw ushın shkalalastırıwdan paydalanǵan maqul boladı. Ol birinshiden, hámme jas sportshılardıń fizikalıq tayarlıqları dárejesi boyınsha ajıratıuwǵa, ekinshiden, onıń dinamikasın baqlap barıwǵa múmkinshilik beredi. Jas voleybolshıları fizikalıq tayarlıqlarınıń dinamikası olardıń texnikalıq tayarlıqları dárejesi menen salıstırıp, diyerli ózgermeytuǵınlıǵın aytıw múmkin. Máselen, QT hám TT er balalarda fizikalıq tayarlıq boyınsha test sınawlarınıń ortasha nátiyjeleri 38 den tap 46 shekem hám 60 tan 62 ballǵa shekem, qızlarda bolsa QT da 46 dan 47 ge shekem hám TT da 50 den ózgeredi

Bul jas sportshılardıń fizikalıq tayarlıq dárejesi saqlanıp qalıwın bildiredi. Sonıń menen bir qatarda jas sportshılardıń fizikalıq dárejesiniń ózgeriwi, olardıń texnikalıq tayarlıqları dinamikasında tásir etiwin úyreniw úlken áhmiyetke iye.

## Juwmaqlaw

Sportta, baslanǵısh tayarlıq etapında jas sportshılardı tańlawda bazı bir tárepleri boyınsha jeterli dárejede islep shıǵılmaǵanlıǵın kórsetedi. Ásirese, balalardıń oyın iskerligi qábiliyetlerin bahalaw máselesi jeterli dárejede úyrenilmegen, laboratoriyalıq metodları bolsa ádebiy kitaplarda hám qániygelerdiń ámeliy kórsetpeleri boyınsha, oyın iskerligi belgili ayqın toparlarǵa juwap bermeytuǵınlıǵın, psixofiziologiyalıq hám háreketleniw funktsiyasınıń belgili toplamı kórip shıǵıldı.

Perzentlerimizdiń tálim-tárbiyası mámleketlik siyasatı dárejesindegi muxim máselege aylandı. Respublikamız Prezidenti mámleketlik minberden «perzentlerimiz bizden kóre kúshli, aqıllı, dana hám álbette baxıtlı bolıwları shárt» ekenligin kóp márte qaytalap ayttı. Buǵan erisiw ushın eń áwele ósip kiyatırǵan áwladtıń sawlıǵına, onıń fizikalıq jaqtan kúshli hám hár tárepleme rawajlanǵan bolıp ósiwine shár-sharayat jaratıw dáwirimizdiń aktual wazıypası ekenligi bir qatar hujjetlerde, massalıq informatsiyalıq esittiriwlerde, ilimiy hám basqa ádebiyatlarda qayta-qayta uqtırılıp ótilmekte. Sol sebepli, mámleketimizde dene tárbiyası hám sporttı rawajlandırıw muxim wazıypa etip belgilengen. Bul baǵdarda Respublikamızda ámelge asırılıp atırǵan isleri jáhán kóleminde joqarı bahalanıp atırǵanlıǵınıń guwasımız.

O'sip kiyatırǵan jas áwladttıń ómirindegi hár bir qádemi, onıń niyetleri, aldınǵa intiliwleri, háreketleri ilimiy tiykarlanǵan, programmalastırılǵan pedagogiko-psixologiyalıq jaqtan durıs baǵdarlansa, álbette olarda jámiyette muxim orın iyeleydi, jqániyge-kadrlardıń jetilisip shıǵıwına hesh gúman joq. Sol sebepli de biz óspirimlerdi basqa tálim hám tárbiyanıq tarawlar menen jámlengen fizikalıq jaqtan tárbiyalaw protsessine tásir etiwshi psixologiyalıq faktorlardı tereń úyrenip, bul baǵıtta ilimiy izertlew jumısların alıp barıwımız lazım dep taptıq. Keleshek áwladtı deni saw hám kúshli etip tárbiyalaw protsessin, bul protsesske tásir etiwshi faktorlardı psixologiyalıq jaqtan ilimiy

tiykarda úyreniw, analiz qılıw, taza metodlar hám usınıslar islep shıǵıw bolıp esaplanadı. İzertlew wazıypaları tómedegilerden ibarat:

- keleshek áwladtı fizikalıq tárbiyalaw protsessine tayarlawdıń psixologiyalıq tiykarlanıp úyreniw;

- fizikalıq tyarbiyalaw protsessin psixologiyalıq jaqtan úyreniwdiń házirgi jaǵdayın úyreniw;

- ótmishtegi ullı ulamalardıń insandı fizikalıq-ruwxıy jetik, hár tárepleme jetilisken qılıp tárbiyalawdaǵı kóz-qarasları;

- keleshek áwladtı fizikalıq hám psixologiyalıq jaqtan jetik, insan etip tárbiyalawdıń sotsial-psixologiyalıq problemaların sheshiw usılların islep shıǵıw;

- Jas áwladtı tárbiyalaw protsessin ilimiy tiykarda úyrenip, oǵan tásir etiwshi psixologiyalıq faktorlardı, tárbiya protsessine tásir etiw jolların, metodikaları islep shıǵılsa, dene tárbiyası jánede nátiyjeli boladı.

Oyın usılların anıqlaw ushın qániygeler tańlanǵan sport túri talaplarına juwap beriwshi arnawlı tańlap alınǵan, yakiy modifikatsiyalanǵan xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıwdı usınıs etiwleri anıqlanadı. Usınday, arnawlı tańlap alınǵan xalıq háreketli oyınlar jas voleybolshılardı tańlawǵa hám tayarlawda, balalardıń individual qásiyetlerin úyreniwdiń eń qolaylı forması bolıp esaplanadı, sebebi oyın talantı dúzilisin kórsete alatuǵın birliklerde túrli qásiyetleri hám sıpatların kórsete alıwǵa járdem beredi. Biraq tilekke qarsı, voleybolshılardı tańlaw hám tayarlawda, xalıq háreketli oyınlarınan paydalanıw máselesi ádebiyatlarda tek ǵana usınıslar kórinisinde bayan etilgen.

Oyın iskerliginiń mazmunları boyınsha, ya bolmasa onıń tiykarǵı elementlerine say bolǵan qaraqalpaq, ózbek xalıq háreketli oyınların túrlerge ajıratıp shıǵıw menen bolǵan izertlew az. Úlken keleshekke intilip, kún sayın ósip, jaynap baratırǵan jámiyetimizde mustaqıl demokratiyalıq, puxaralıq, wuqıqıy jámiyet qurıla baslaǵan kúnlerinen aq, eń áwele Respublikamızdıń keleshegin jaratıwshı jas áwladqa muxim itibar berildi. Hesh bir mámlekette

bolmaǵan «Bilim haqqında» nızam, «Kadrlardı tayarlawdıń milliy dástúri» qabıl qılındı.

JO'SMne tańlawda paydalanatuǵın shınıǵıwlardıń diagnostikalıq hám prognostikalıq mánisi, olardıń mazmununıń standartlıǵı menen ajıralıp turıwı bul jas voleybolshılarda genetikalıq jaqtan bar bolǵan oyın qábiliyetlerin anıqlaw protsessiniń shekleniwi anıqlanadı. Mine sol sebepli bir qatar xalıq háreketli oyınların ekspertler kórip shıqqannan keyin háreketler dúzilisinde voleybol oyını mazmunına eń jaqın uqsas bolǵan bes oyın tańlap alındı, olardan jas voleybolshılardı tańlawda paydalandı. Bul oyınlar «Quwalawshı hám qashıwshı» úshlik jup oyınshını tutıw «U'sh tórt muyeshlik», «Urıp túsiriw», «Qasharman top», «Quwalaspaq» oyınları esaplanadı.

Pedagogikalıq izertlew dawamında sınawdan ótkerilgen xalıq háreketli oyınları islep shıǵılǵan túrleri toparları, olardıń mazmunı, quramı. Dúzilisi, tásir etiwishiniń baǵdarlanǵanlıǵın, háreketleniw háreketleri dawamlılıǵı hám kólemine qarap jas voleybolshılardıń fizikalıq sıpatların rawajlandırıw ushın oyın texnika-taktikalıq kompyuterlerin nátiyjeli paydalanıw ushın protsesste ámellerdi orınlaw dástúri sıpatında paydalanılıw múmkinshiligin kórsetedi.

## Ádebiyatlar


1. Sh.Mirziyoev Qonun ustuvorligi va inson manfaatlarini taminlash – yurt taraqqiyoti va xalq faravonligining garovi.“Wzbekiston” NMIU,2016y.
2. Sh.Mirziyoev Erkin va farovon demokratik Wzbekiston davlatini birgalikda barpo etamiz. “Wzbekiston” NMIU, 2016 y.
3. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va oliyjanob xalqimiz bilan birga quramiz.Toshkent “Wzbekiston” – 2017 y.
4. 2017-2021 yillarda Wzbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor ywnalishi bwyicha Harakatlar strategiyasi. Wzbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947 sonli Farmoni.
5. Filin. V. P. “Trenirovka yunıx sportsmenov”. M. FiS. 1977 g.
6. Akramov R.A. İssledovanie metodov otbora perspektivnıx yunıx futbolistov. Avtoref. diss. ... kand. ped. nauk. - M.: 1977
7. Amrenova G.R. Pedagogicheskie osnovı kriteriev otbora yunıx basketbalistov na etape nachalnoy podgotovki. Avtoref. diss. ... kand. ped. nauk. - Almatı, 1977.
8. Novikova L. İ. “Pedagogika detskogo kollektiva” – M. 1978 g.
9. Filin V. P., Fomin N. A. “Osnovı yunosheskogo sporta”. M. FiS.1980.
10. Balsevich V.K. Metodologicheskie printsipı issledovaniy po probleme otbora i sportivnoy orientatsii. //Teoriya i praktika fizicheskoy kulturı, 1980
11. Beylits-Geyman S.P., Skorodumova A.P. Chempion budushego i ego podgotovka. // Tennis: Ejegodnik. M.: 1980
12. Ayrapetyants L.R. Dinamika trenirovochnıx i sorevnovatelnıx nagruzok voleybolistov v godichnom tsikle podgotovki. Aftoref. ... diss. kand. ped. nauk. - M.: 1981
13. Galliev G.A., Absalamov T.M., Belyaev V.V. Printsipı postroeniya protsessa spetsial`noy fizicheskoy podgotovki. Teoriya i praktika fizicheskoy kul`turı. -1981.
14. P.Ostashev “Opredelenie sposobnostey futbolistov“ FiS 1982

15. Belyaev A.V. Rabotosposobnost voleybolista i ee vospitanie. //V kn.: Voleybol. sost.: Yu.N.Kleshev. - M.: Fizkultura i sport, 1983

16. Belyaev A.V. Trenirovochnıy effekt igrovıx uprajneniy voleybolistov. //Metod.rekomendatsii. M., 1988. - 19s.Aslaxanov S.A. Narodnıe podvijnıe igrı i fizicheskie uprajneniya kak sredstva povısheniya effektivnosti urokov fizicheskoy kulturı. //Teoriya i praktika fizicheskoy kulturı, 1991

17. Afanasev Yu.İ., Kuznetsov S.L. Metodologicheskie aspektı tipologii mıshechnoy tkani i prognozirovanie individualnıx vozmojnostey sportsmenov. //Teoriya i praktika fizicheskoy kulturı, 1991

18. Alabin V.G., Alabin A.V., Bizin V.P. Mnogoletnyaya trenirovka yunıx sportsmenov. Xar`kov, «Osnova» nashriyoti,1993.

19. Bauer V.G. Normativnoe obespechenie podgotovki sportivnogo rezerva v RF. Fizicheskaya kul`tura, 1997.

20. Bauer V.G. Normativnoe obespechenie podgotovki sportivnogo rezerva v RF. Fizicheskaya kul`tura, 1997.

21. Goncharova O.V. Parametrı razvitiya vzrıvnoy silı u mladshix shkol`nikov pri ispol`zovanii udarnogo metoda. Pedagogik ta`lim.-T.2003.

22. Guba V.P. Osnovı raspoznavaniya rannego sportivnogo talanta. Jismoniy tarbiya insitutlari uchun wkuv qwllanma.- M. Tera - Sport, 2003.

23. Baraxsanova E.N. Texnologiya razrabotki uchebno-metodicheskogo kompleksa v sisteme detsko-yunosheskogo sporta. //Teoriya i praktika fizicheskoy kulturı, 2003

24. Kerimov F.A. Sport sohasidagi ilmiy tadqiqotlar. – T. ÓzDJTİ, 2004 Goncharova O.V. Metodika povısheniya effektivnosti skorostno-silovoy podgotovki mladshix shkol`nikov. Pedagogik ta`lim.-T.,2004.

25. Bauer O.P. Organizatsiya i metodika provedeniya podvijnıx igr //Podvijnıe igrı organizatsiya i metodika provedeniya. SPb.: RGPU, 2004

26. Bauer O.P. Podvijnıe i sportivnıe igrı professionalnoy podgotovke spetsialistov po fizicheskoy kulture doshkolnikov. //Avtoref. dis. … kand. ped. nauk. SPb, 2005.

27. Goncharova O.V. Yosh sportchilarning jismoniy qobilyatlarini rivojlantirish: Wquv qwllanma. – T. ÓzDJTİ, 2005.

28. Salamov R.S. Sport mashǵulotining nazariy asoslari. Óquv qwllanma. – T. ózDJTİ, 2005.

29. Abdullaev A., Xankeldiev Sh.. Jismoniy tarbiya nazariyasi va uslubiyati. – T.: ÓzDJTİ, 2005.

30. R.A.Akromov “ Futbol”. O’zDJTI. 2006y

31. Ayrapetyants L.R. Voleybol. Tashkent,Zar qalam, 2006.

32. R.Nurimov “ Yosh futbolchilarni texnik va taktik tayyorlash”. O’zDJTI. 2006y

33. Pavlov Sh.K.,Ismaylov R. Sport maxoratini oshirish , 2016.y.